ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№77 (24.047) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гидроэнергетикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам къыхэкІыу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіыхь тхылъыр етын

Карпухин Николай Игорь и къуэм - «Федеральная гидрогенерирующая компания - РусГидро» акционер обществэм капитальнэ ухуэныгъэмкІэ и унафэщІым и къуэдзэм

Шулыгинов Николай Григорий и къуэм - «Федеральная гидрогенерирующая компания - РусГидро» акционер обществэм и правленэм и унафэщІым - генеральнэ директорым;

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ»

Борисовэ Татьянэ Иван и пхъум - «Эльбрусская горно-строительная компания» жэуап зэпэщхьэкІа зыхь обществэм техникэ кІэлъыплъныныгъэмрэ фІагъыр къэпщытэнымкІэ и къудамэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик»

Хузмиев Аслъэн Александр и къуэм - «Управляющая компания ГидроОГК» «УК ГидроОГК-Юг» акционер обществэм и филиалым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м
№72-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м и 2.6 пунктым мы къыкІэпхьыкІуэ зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ялэ абзацыр мыпхуэдэу къэхъын:

«2.6. Къалэн ящыщІын»;

б) «а» пункт къуэдзэм «тетын» псалъэр «2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-рэ къиубыду» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м
№75-УГ

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ Бахъсэн къалэм щыІащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мэкъуауэгъуэм и 27-м лэжьыгъэ Іуэхукіэ Бахъсэн къалэм щыІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм зыхигъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и Конституцэм хуащІ зэхъуэжьІыныгъэхэмрэ хэлъхьэныгъэхэмрэ екъэлІа Іэлэтым зэрызыхуагъэхьэзырым. Абы папщІэ КІуэкІуэ Казбек щыІащ Дыгулыбгъуей къуажэм къыщыІэзрагъэпэща хэхакІуэ комиссэ №39-м и участкэм. Іэ зыІэтынуэм узыншагъэмкІэ я шынагъуэншагъэм кІэлъыплъым папщІэ Роспотребнадзорым и чэнджэщ псори а щыІэпІэм щагъэзащІэ: цІыхуэр кУэду зэхуэмыязэн папщІэ Іэмалхэр щыІэщ, медицинэ нэкІыІупхъуэхэр, Іэлъэхэр, дезинфекцэ зэращІ Іэмэпсымэхэр ятынущ.

Дыгулыбгъуейдэсхэм нэхъапэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм зыхуагъэзат къуажэм щэнхабзэмкІэ и унэр зэгъэпэщыжьынымкІэ закъыщигъэкъуэну. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр икІи нобэм инухьэлІэу объектым и проект-сметэ документацэр зэрыхьэзырыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэр кІэлъыплъащ ТекІуэныгъэм и уэрамым лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. Абы и гъэугур зэгъэпэщыжьным мылъку хуэхиащ республикэм и гъэугу фондым. Объектым и кІыхьагъыр километр 4,4-рэ ирокъу.

Бахъсэн къалэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим КІуэкІуэ Казбек щигъэгъуэзащ Дыгулыбгъуей къуажэм пэгъунэгъуэ хабзэм къемызэгъыу къыщыунэхуа пхъэнкІиидзыпІэр здэщыІа щыпІэр зэІуэзэпэщ зэращыжьымрэ щыналъэм и бжэІупІэхэр зэрырагъэфІакІуэмрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ Гуртуев Сэлихь и унагъуэм, благъэхэм, Іыхьлыхэм яхуогушэвэ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хуэгъуэзващ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къалмыкъым я щІыхубэ усакІуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Гуртуев Сэлихь и унагъуэм, благъэхэм, Іыхьлыхэм:

«Дунейм ехьжащ художественнэ литературэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм, зэкъуэтыныгъэм, зэгурыІуэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа цІыху. СулътІанбэч и къуэ Сэлихь и унагъуэм, абы и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ сахуощІыгъуэ. И ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ!» - итщ республикэм и Іэтащхьэм Инстаграмым щиІэ и напэкІуэцІым кърильхьа тхыгъэм.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 30, гъубж

♦Парламентаризмэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Юстициэмкіэ и министерствэм и уголовнэгъэзэщІакІуэ Іуэхущ1ап1э хэм я хъумакІуэ Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Белоруссием щагъэлъапІэ экономистым и махуэр

♦1845 гъэм урысей пащтыкъ Николай Езанэм унафэ къыдигъэкІащ Новороссийск кхъухь тедзапІэ щыщІыным теухуауэ.

♦1868 гъэм Самарканд Урысей империем хагъэхьащ.

♦1894 гъэм къызэІуахащ Лондон и лъэмыж нэхъ цІэрыІуэ дыдэр - Тауэрбридж жьыхуІэр.

♦1894 гъэм Кореер Китайм къыгуэкІри, къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦1908 гъэм Тунгус метеоритыр ЩІым къытехуауэ къагъэуэтащ.

♦1908 гъэм Бахъсэн, Дзэлыкъуэ мэкъумэшыщІэхэм зыкъыІэтащ.

♦1920 гъэм Союзпсо тхылъ палатэр къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту ар Урысей тхылъ палатэрщ.

♦1925 гъэм къызэрагъэпэщащ «Красноярск пкъохэр» заповедникыр.

♦1936 гъэм къыдэкІащ США-м щыщ тхакІуэ Митчелл Маргарет и «Унесённые ветром» романыр. Ар дунейм щынэхъ цІэрыІуэ дыдэхэм хабжэ тхыгъэ хъуащ, къэрал куэдым къыщыдгъэкІащ, бзэ 37-кІэ зэрадзэкІри. А романым папщІэ Митчелл хуагъэфэщащ Пулитцер и цІэр зезыхьэ саугъэтыр. 1939 гъэм а тхылъым режиссёр Флеминг Виктор къытрищІыкІа фильмым «Оскар» саугъэту 8 къижьащ.

♦1944 гъэм СССР-м медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академиер къызэрагъэпэщащ. 1992 гъэм ар Урысейм медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академиеу зэрахъуэкІащ.

♦1945 гъэм СССР-м къыщыдахыжащ Іэнатіэ пэрыт цІыхум иІэсым къриубыдэу зы мазэкІэ зигъэпсэхуну зэрыхуащІ Урысей хабзэр.

♦1945 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыщІащ РСФСР-м хьыхэ Кърым АССР-р Кърым область зэращІым теухуауэ. 1954 гъэм мазаем и 19-м къэралым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ ищІащ Кърым областыр Украинэ ССР-м етыным теухуауэ. Иджы ар УФ-м хьыхэ Кърым Республикащ.

♦1971 гъэм хьэршым къыщикІыжьым хэкІуэдащ «Союз-11» кхъухьым иса космонавтхэу Добровольский Георгий, Волков Владислав, Пацаев Виктор сымэ.

♦1992 гъэм Украинэмрэ Кърым автономнэ республикэмрэ я къэрал органхэм я полномочиехэр гуэшыным теухуа унафэ къащтащ.

♦Аруан муниципальнэ щІыналъэм къыщыдэкІ «Маяк» жылагъуэ-политикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **КІасэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ боксёр цІэрыІуэ, дуней псом и абсолютнэ чемпион **Тайсон Майк** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист **Кондрашов Андрей** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Олимп Джэгухэм псым есынымкІэ 23-рэ щытекІуа, 26-рэ дунейпсо чемпион хъуа **Фелпс Майкл** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу. США-м щыщ а спортсменым олимп медалу кІыхьам хуэдиз зиІэ дунейм нэгъуэщІ теткъым.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 1, *бэрэжьей*

♦Бурятием егъэлъапІэ езым фІэфІу Урысей къэралыгъуэм щыхьха махуэр (1661 гъэм)

♦Зауэ зэпэщІэтыныгъэхэм хэта ветеранхэм я махуэщ

♦Бакудэсым и дунейпсо махуэщ

♦Армением и прокуратурэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Тыркум и Дзэ-тенджыз къарузым я махуэщ

♦Канадэм и махуэщ

♦Инджылызым щагъэлъапІэ Щіыналъэм и махуэр

♦1200 гъэм Китайм дунейм щыяпэу щащІащ нэхэр дыгъэм зэрыщІахъумэ нэгъуджэ.

♦1862 гъэм Москва къыщызэІуахащ Урысей къэрал библиотекэр.

♦1875 гъэм дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.

♦1882 гъэм Петербург лэжьэн щыщидзащ яп телефон станцым.

♦1904 гъэм Сент-Луис (США) къыщызэІуахащ III гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1917 гъэм Урысейр яп дыдэу техьащ гъэмахуэ зэманым.

♦1921 гъэм Шанхай къалэм къыщызэрагъэпэщащ Китайм и Компартыр.

♦1955 гъэм дунейм къытехьащ «Иностранная литература» литературно-художественнэ журналым и яп номерыр.

♦1957 гъэм Москва и Театр Иным щызэхэтащ Къэбэрдейр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щыхьхкІэ къызэрагъэпэща, Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакІуэхэм ята иужьрей концертыр.

♦1966 гъэм СССР-м колхозхэтхэми мазэ къэс улахуэ ирату щыщІадзащ.

♦1981 гъэм Іыхьлыр я цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим СССР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретару хахащ.

♦Совет скульптор, сурэтыщІ щІэрыІуэ, СССР-м и щІыхубэ художник, Сталинэ и щІэр зезыхьэ саугъэтыр тхуэнейрэ зыхуагъэфэща **Мухинэ Верэ** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и Маршал, СССР-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта **Соколов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и щІыхубэ артистка **Лучко Кларэ** щІэр зезыхьэ саугъэтыр зэрыгъэнейрэ зыхуагъэфэща **Мухинэ Верэ** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс жылагъуэ лэжьакІуэ, ДАХ-м и Пэзэщ1акІуэ гупым хэт **Іэдэмокъуэ Алберд** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ спортсмен, атлетикэ псынщІэмкІэ бгъуэнейрэ Олимп чемпион хъуа **Льюис Карл** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Китайм и къалащхьэ Пекин къалэм 2008 гъэм щекІуэкІа Олимп Джэгухэм альидж-урым бэнэкІэ лІэужьыгъуэмкІэ чемпион щыхъуа **Хъущт Асльэнбэч** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Сочэ къалэм 2014 гъэм щекІуэкІа Олимп джэгухэм я чемпионкэ **Сотниковэ Аделинэ** и ныбжьыр илъэс 24-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 2, *махуэку*

♦Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ. 1924 гъэм бадзэуэгъуэм къыззрагъэпэщащ спортым теткыхь, тепсэлъыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ

♦Днепр псым и дунейпсо махуэщ

♦Уфологым и дунейпсо махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и къэрал гербыр къыщащта махуэщ

♦Азербайджаным и полицэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Къэзахъстаным и дипломатие Іэнатіэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦1556 гъэм пащтыкъ Грозный Иван Астрахань щыналъэр Урысей къралыгъуэм хигъэхьащ икІи Астрахань хъанигъуэр икъутэжащ.

♦1860 гъэм Владивосток къалэ-кхъуэ тедзапІэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ. Иджыпсту ар УФ-м и Приморскэ крайм и къалащхьэщ.

♦1964 гъэм «Къэббалъкъгаз» трестыр къызэрагъэпэщащ.

♦1975 гъэм Ростов - Владикавказ гъущІ гъуэгум мафІэгухэм щызекІуэу щІадзащ.

♦1976 гъэм Вьетнам Социалист Республикэр къызэрагъэпэщащ, Ищхъэрэ, Ипщэ Вьетнамхэр зэгуагъэхьэри. И къалащхьэ Сайгон и цІэр Хошимин жиІэу зэрахъуэкІащ.

♦1990 гъэм къызэІуахащ КПСС-м и иужьрей, XXVIII съездыр. Ар бадзэуэгъуэм и 13 пщІондэ екІуэкІащ.

♦Шэрджэс усакІуэ **Гъэщокъуэ Хьусин** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, кинорежиссёр, жылагъуэ-политикэ лэжьакІуэ **Яковлевэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Гурцкая Дианэ** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэмыж закъуэми джэд хулъэ егъэнщІ.

● ІэІэтыр йокІуэкІ

Ди къэралым и къэкІуэнур зэлъытар дэращ

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ УФ-м и Конституцэм халъхьажа зэхъуэкІыныгъэхэм теухуа Іэлэтым хэтащ.

ІэІэТЫПІЭ №147-м, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щыІэращ Хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщІымрэ абы и щхьэгъусэмрэ здекІуэлІар.

Егоровэм и къалэныр зэфІигъэкІа нэужь, журналистхэм ядэгуэшащ:

- УФ-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэжьІыныгъэхэм папщІэ Іэ тІэтынымрэ Іэ щІыналъэ пщІэ Іуэхущ, сыт щхьэкІэ жьыпІэмэ, зи гугъу тщІыр Урысей Федерацэм и Хабзэ Нэхъыщхьэращ. Абы къыхэкІыу, дэ псоми дэлъытащ ди къэралым и къэкІуэнурэ, абы ис цІыхухэм я псэукІэнурэ.

- ЗэхъуэкІыныгъэхэм ятеухуауэ си гупсысэр къыщызгъэпэлъагъэм зытезгъэщІар лъапІэныгъэ нэхъыщхьэхэрщ. Ар ди къуэрылъху-пхъурылъхэм къапэщылъыр гъашІэ дахэу къыщІэкІынырщ, лэжьыгъэ пэрыт цІыхум и гуащІэм пщІэ хуэщІынырщ, жьыщхьэ махуэ хъунырщ, унагъуэ узыншэ, пхъэрызехьэ куэду щыІэнырщ. А псор къыдэхъулІэн папщІэ къэрал зэпІэззэрыт дыщыпсэун, къулыкъущІэ пашэхэр диІэн хуейщ. Абы къыхэкІыу мы нэхэнэшхуэ яІэщ гъэззщІакІуэ властым парламент кІэлъыплъныныгъэ ткІий иІэным, властыр зи Іэмыщ1э иралъхьэну кандидатхэр набдзэгубдзапІлъэу къыхэхыным, ди къэралым и щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныр суверенитетыр гъэбыдэнымрэ теуха зэхъуэкІыныгъэхэм.

Си гугъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр жьыдэжру Іэлэтым хэтыну. Путиным зэрыжиІам тету, Конституцэм халъхьа зэхъуэжьІыныгъэхэм къару щагъуэтынур цІыхухэр арэзы техьуэрэ Іэ яІэту щытмэщ.

Мэкъуауэгъуэм и 25-м щыдзауэ екІуэкІ Іэлэтыр сыткІи зыхуэй хуэзэу къыззэгъэпэщащ, екІуалІэхэм я температурэр къамыпщащэ щІагъэхьэркъым, щІэх-щІэхьыурэ ягъэхьабзэ, зэрызахъуэжьыну хьэпшыпхэр ират.

Іэлэтыр бадзэуэгъуэм и 1 пщІондэ екІуэкІынущ, аращ Урысейпсо Іэлэт махуэр зытрагъэхуар.

КЪЭБАРТ Мирэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыІэрыхьащ реанимобилыщІэхэр

Урысейм Промышленностымрэ сатумкІэ и министрэм, КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэм деж цІыхуэр къегъэлъэныкъкІэ, медицинэ дэлэныкъуэгъу псынщІэмкІэ и центрым, апхуэдэуи автомобиль заводхэм зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы махуэхэм къыІэрыхьащ «С» классым хиубыдэ медицинэ дэлэныкъуэгъу псынщІэу (реанимобилу) 11. Абыхэм ящыщу 3-р «ГАЗель Next», 8-р «Форд Транзит» жыхуаІэхэм хуэдэщ.

АВТОМОБИЛХЭР зыхуэй медицинэ оборудованэ псомкІи къызэгъэпэщащ. Абыхэм ярытщ ИВЛ аппаратхэри, лъым кислороду, газу хэтыр зыхуэдизыр къызэрапщытэ Іэмэпсымэхэри, сымаджэм дэлэныкъуэгъу псынщІэ игъэтын папщІэ къагъэсебэп нэгъуэщІхэри, коронавирус узыфэр зыпкърытхэм зэрелэзэхэри.

Реанимобиль псори ираташ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэхэм деж цІыхуэр къегъэлъэныкъкІэ, медицинэ дэлэныкъуэгъу псынщІэмкІэ и центрым, сыту жыпІэмэ ахэрщ, зэгъэбыдылар дэлэныкъуэгъу псынщІэм и реанимацэ гупхэр.

Дэлэныкъуэгъу псынщІэм и щІыналъэ къудамэхэм папщІэ «В» классым хьыхэ автомобилхэр мыгувэу къалэрыхьэну поплъэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

Сом мелуан 1,5-м нэблагъэ трагъэкІуадэ

«Кавказ Ищхъэрэм и Урысейсетхэр» ПАО-м и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и нэІэ зытет подстанцхэм ефха Іэщ1агъэлІэхэм киловольти 110-рэ зи лъэщагъ «Долинск» подстанцым егъэщІылІа Іэмэпсымэхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщажащ.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, ди республикэм и къалащхьэм и ипщэкъуэкІыпІэ, и курых щІэлъэныкъуэр, цІыху мин 90-м нэблагъэ здэщыпсэур, электрокъарукІэ къызэзыгъэпэщыр «Долинск» подстанцыр зэрырар. ЗэрытщІэщи, Іуэхущ1ап1эхэм, зыгъэпсэхуп1эхэм къищынэмыщІа, абыкІэ щыІэщ сымаджэщхэри, курыт еджапІэхэри, псэупІэ унэхэри.

Подстанцыр зэпыу имыІэу лжьэным хуэгъэпсащ абы и пкъыгъэхэр хэлъхьэныем теуха Іуэхуэр зэкІэлъызыгъакІуэ лэжьакІуэ гупым хэтхэмрэ мэкъуауэгъуэм и 1-м щІыущІам ядИыгъауэ щытащ Іэлэтыр бадзэуэгъуэм и 1-м ирагъэжьауэ Іэлэтыным теухуауэ къыхьалъхьа жэрдэмыр икІи иужькІэ абы теухуа Указым Іэ щІидзащ.

Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм екъэлІа пандемием щхьэкІэ игъэуба хабзэхэм ябкъ иткІэ Хэкакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм а мазэм и мызакъуэу, абы и пэ ит махуэхмэ Іэ яІэтыфэн хуэдэу къыззригъэпэщащ Іуэхур, цІыхуэр хэхьапІэ участкхэм щызэтримыхьэн папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

ЩІыхь етын

Щ1ыхь зиІэ и ухуакІуэ

Борисовэ Татьянэ Иван и пхъум - «Эльбрусская горно-строительная компания» жэуап зэпэщхьэкІа зыхь обществэм техникэ кІэлъыплъныныгъэмрэ фІагъыр къэпщытэнымкІэ и къудамэм и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и энергетик»

Хузмиев Аслъэн Александр и къуэм - «Управляющая компания ГидроОГК» «УК ГидроОГК-Юг» акционер обществэм и филиалым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м
№72-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щІэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщІалэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытыныкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъунымкІэ зи чэзу Іуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъэкІа Указ №19-УГ-м и 2.6 пунктым мы къыкІэпхьыкІуэ зэхъуэжьІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) ялэ абзацыр мыпхуэдэу къэхъын:

«2.6. Къалэн ящыщІын»;

б) «а» пункт къуэдзэм «тетын» псалъэр «2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-рэ къиубыду» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м
№75-УГ

Ди республикэм зыры къылъэщIыхьэркъым

«Урысей мэкъумэш банк» акционер зэгухьэныгъэм экспертизэмкIэ и центрым къыщытащ мыIэрысейхэр ди къэралым зэрыщагъэкIыр, абы къыпхэш пхъэщхьэмыщхьэхэр зэрыщащэр. Жыг хадэщIэхэр куэду зэрагъэтIысыр къэплъытэмэ, 2024 гъэм ирихьэлIэу Урысейм къыщрахьэлIэжьыфынущ мыIэрысэу тонн зы мелуанрэ мин 200-рэ. Абы и нэхъыбэр иужьрей илъэситхум хащIа жыгыщIэхэм къыпачынущ.

МЭКЪУМЭШ банкым и центрым и унафэщI Дальнов Андрей зэрыжиIэмкIэ, мыIэрысейхэр гъэкIыныкъэфIхэр щегъэуэт: нэхъ щэгъуэй, къэгъэкIыгъуей мыIэрысэ лIэужьыгъуэхэр щIэупщIэ нэхъ зиIэхэмкIэ, нэхъ пыщIIэу къызыпыкIэхэмкIэ зэрахъуэкI. УФ-м Мэкъумэш хозяйствомкIэ и министерствэм къыхэригъэлъагъуэмкIэ, 2015 гъэм къыщыщIэдзауэ 2019 гъэ хъуху ди къэралым иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хэщIа гъэкIэ 62300-рэ щыхасащ.

Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыльэщIыхьэ УФ-м и щIыналъэхэм яхэткъым. Иужьрей илъэситхум ди республикэм щыхасащ иджырей мардэхэм тет жыг хадэу гектар мин 20-м щIигъу, и зэхуэдитIыр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэхэр къызыпыкIэхэщ. ФщIэн папщIэ: интенсивнэ хадэ лIэужьыгъуэхэм зы гектарым жыгыу 800-м щегъэжьауэ нэхъыбы хасэ, тонн 30-40 пхъэщхьэмыщхьэу къыпокIэ. Интенсивнэ дыдэ жыхуэтIэм жыгхэм я бжыгъэр 3200-м къыщыщIедзэ, зы гектарым пхъэщхьэмыщхьэу тонн 50 - 70 къытрах.

- Иужьрей илъэситIым КъБР-м пхъэщхьэмыщхьэхэр щызыгъэкI хьэрычэтыщIэхэм зрапщат хъуащ жыг 1250-рэ гектарым трагъэзэгъэным, Iуэхум нэхъыфIыжу хэзыщIыкIхэр а бжыгъэр мини 4-м зэрыногъэсынум ящэ итщ, - жеIэ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и яп-къуэдзэ Гъоров Сергей. - Иджырей мардэхэм тету ягъэкI жыг хадэхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэри щагъэхьэзыр хъуащ ди щIыналъэм - шпалернэ бетон пкъохэр, уэр къэзыгъэувыIэ сеткэхэр ящI, хасэну жыгыщIэ цIыкIуэхэри щагъэкI. Жыг хадэщIэхэм я гектар мин 20-м щIигъу, и зэхуэдитIыр пIалъэ кIэщIым къриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэхэр къызыпыкIэхэщ. ФщIэн папщIэ: интенсивнэ хадэ лIэужьыгъуэхэм зы гектарым жыгыу 800-м щегъэжьауэ хъэщIэх гупым я пашэу нэмыщIэхэр гъэр ящIу псэзэпылъхьэпIэ куэдым Iуащ. Абы и лIыгъэм къыпэкIуащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Щ1ыхь орденым и ещанэ нэгъэщIэр, «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалыр, нэгъэщI щытхъу тхыпIь куэди. И лъахэм къигъэзэжри, бийм зэхикъута колхозыр зэфIэгъэувэжыным ар жыдэжру елэжьащ. Апхуэдэуи къуажэ советым и секретару, иужькIэ гуфIэуэ бригадэм и унафэщIу иплъэх куэдкIэ щытащ.

Билал и къуэш Нухьи зауэм и пэм щегъэжьауэ иухыхункIэ зауэлIхэм я щапхъэу абы хэтащ. Лейтенант нэхъыжьым зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щ1ыхьэту Нухь дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм къыхэлыдыкIыу Абзуанхьблэ кIыгъэзэжащ икIи колхозым щ1ызэхэт парторганизацэм и секретару илъэс куэдкIэ лэжьэжащ.

Iэхъуэбэч Мыхьэмэтрэ Гуащэ1эфIрэ бынибл эздагъуэтати, Алджэрийрэ Эуберрэ я псэр я Хэкум папщIэ яташ. Шыпхъуитху яIэти, плIым я щхьэгъусэхэри зауэ гущIэгъунышэм хэкIуэдащ.

Аращ «зауэм и кIэр хьэдагъэщ» щ1ыжаIэри. Нобэ псэухэми къытщIэхъуэ щIеблэми ди фарзыр псэкIэ, лIыхъужьыгъэкIэ, лъыкIэ Хэкур тхуэзыхъужахэм яхуэфащэ пщIэ зауэ ящIыну, я фэеплъыр тхъумэну. Тхьэм апхуэдэ зауэ ящIыну я зэи димыгъэлъагъу!

IэхъуэбэЧ Хьэшим,
лажьыгъэм и ветеран.

Iэхъуэбэч Нухь щ1ысщ.

Гуртуев Сэлихь СулътIанбэч и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 83-м иту дунейм ехьжащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Гуртуев Сэлихь СулътIанбэч и къуэр.

Гуртуев Сэлихь 1938 гъэм къыщIалъхуащ Налшык пэмыжыжьэ Белая Речкэ къуажэм. Курыт еджапIэр къыщIухащ Азие Курытым. 1958 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ икIи къухащ «Балъкъэрыбзэмрэ балъкъэр литературэмкIэ урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ егъэджакIуэ» IэщIагъэр иIэу.

1986 - 1991 гъэм и тхьэмадзэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Тхьилъ къыдэгъэкIыныжмкIэ, полиграфиемрэ тхьилъэр щэныжмкIэ къэрал комитетым и тхьэмадзэу.

Гуртуев Сэлихь Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къалмыкъым я цIыхубэ усакIуэщ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Желюк и цIэр зезыхьэ литературэ сагъэтыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и саугъэтыр, Куржым и Совет Нэхъыщ1хьэм и щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщащ. «Кавказым и тхакIуэхэр» щIыналъэхэм эдэй жылагъуэ зэгухьэныгъэм щIыхь зиIэ и тхьэмадзэу щытащ.

Гуртуевым и къалэмыпэм къыпыкIащ усыгъэхэр, литературэ эссехэр, урыс, дунейпсо, къишьынэмышIащэу Кавказ Ищхъэрэм, Куржым, Азербайджаным я классикэм я Iэдакъэщ1кIэхэр балъкъэрыбзэм къыщIригъэзэгъа тхылъ 20-м щIигъу.

Руставели Шота и «Къаплъэныфэ зыщIыгъ зауэлI» поэмэр балъкъэрыбзэкIэ зэрызэридзэкIам папщIэ «Тбилиси къалэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Абы и творчествэм мыхьэнэзшхуэ щиубыдащ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» поэмэр и анэдэлъхубзэм кригъэзэгъэным.

Гуртуев Сэлихь балъкъэрыбзэкIэ зэридзэкIащ «Адыгэ усыгъэм и антологиер». Езым и усэ куэд Тырку, Мэжарыр, Лыхьым, Къыргъызым, Тыркумэным, Куржым къыщыдэкIащ. УрысыбзэкIэ Москварэ Налшыкрэ дунейм къыщытехьащ «Уроки добра», «Песня птицы», «Синий ливень», «У Белой Речки на виду», «Грызёт мой конь удила», «Шесть писем совести» и тхылъхэр. КуржыбзэкIэ къыдэкIащ «Спой мне песню» сборникыр. Щ1эрыIуэ зыхуэхащ «Трудное дело», «Ров», Раненый камень» и пьесэхэр, балъкъэрыбзэм къыригъэззэгъа Шиллер и «Коварство и любовь», Хугаевым и «Бабыцэ, Хьэмыцэ, Хьэмел, Дарданел», Ахьяевым и «Кто виноват?» тхыгъэхэр, нэгъэущIэкIэри.

Художественнэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIам икIи лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуГэм, зэкъуэтыныгъэм, зэгурыIэныгъэм и щхьэкIэ зэрыхэлIыфыхьам къыхэкIыу Гуртуев Сэлихь къыхуагъэфэщащ «Къаказым и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр, Кавказым и ТхакIуэхэм я клубым къыбгъдэкIащ.

И гъащIэ псор абы триуихуащ лъэпкъ литературэм хуэлэжьэным. Тхьэм къыбгъэдилъхьа зэчиймрэ гъащIэм къыхиха Iэзэгъымрэ Гуртуевым Iэмал кpuащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм и лэжьакIуэ гъуэзэджэхэм я деж увыпIэфI щиубыдыну. Абы и дуней тетыкIэр и щапхъэт кьыхуха Iэнатlэм, щалъхуа республикэм хуэпэжыным.

Гуртуев Сэлихь и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ди гум илъынщ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» ГКУ-м, КъБР-м и Журналистхэмрэ ТхакIуэхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» республикэ газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм я лэжьакIуэхэм гущIыхь я ящIыхьуаУэ яхуогуазвэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщ1хьэм и къуэдзэ **Гуртуев Расул Сэлихь и къуэм**, абы и адэ, КъБР-м, КъШР-м, Къалмыкым я цIыхубэ усакIуэ **Гуртуев Сэлихь СулътIанбэч и къуэр** дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

● Дэ къытхуатх

Ди фарзыр

1941 гъэм нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм къыдащIылIауэ щыта зауэм имыгъэгуIа унагъуэ ди Хэкум ису къыщIэкIынкъым. ТекIуэныгъэр къэзыхьахэм ящыщу а маХуэшхуэр зыгъэлъапIэн нобэ ди Къулъкъужьн Ипщэ (Абзуанхьблэ) къуажэм зэрыдэмысыжри уигу къемыуэу къанэркъым. Ди жьлэм щыщу щIалэ хахуэ 465-рэ зауэм дэкIати, къэзыгъэзэжар 287-рщ. Абыхэм ящыщуи зыри псэуэркъым.

Iэхъуэбэч Билал

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ - Iэхъуэбэчхэ - щыщу Хэку зауэшхуэм и гуащIэгъэ дыдэм хэтащ зы адэ-анэ кьыплъхуахэу Хьэмидрэ Хьэмэзэтрэ, Алджэрийрэ Зуберрэ, Нухьрэ Билалрэ, Амбулкъадир, Амбулчэрим, Зэчий сымэ, Хьэзырэ Назирэ. Апхуэдэуи лъэпкъым щыщу Хьэмэд, Кьэрней, Мэхьил, Нажмудин, Жантемыр, Хьэднан, Амбулгъэфар. Къэзыгъэзэжар 8-рщ, адрейхэм Хэкум папщIэ я псэр яташ.

Алджэрий щхьэмыгъазэт, шынэ ищIэртэкъым. КъарукIэ «пелуанщ» хужаIэрт. Ар яхэтащ Брест быдапIэр зэрыпхъуакIуэхэм Iэрамыгъэхьэу махуэ 26-кIэ япэщIэтахэм. «ДыхэкIуадэми, зыттынукъым» - апхуэдэу тетщ быдапIэм и блынджабэм. Мыжуркэ къратхъа псалъэхэм яхэтщ Iэхъуэбэч унэцIэри...

Алджэрий комсомольм хэтт. Сэ абы щыгъуэм сыцIыкIуами, нобэ хуэдэу Iупщу си тхьэкIумэм къуIуэ зауэм ар езыгъажьэ и Iыхьлыхэмрэ нобжьэгъухэмрэ захуигъаззу, урысибзэкIэ: «Комсомольцы, уходим на священную войну!» - зэрыжиIэрар. Иужьрей дыдэу Брест къалэм къикIа тхыгъэм Алджэрий къыщыщытхурт: «Хьэшим, письмо къыщыхсхуэтхыфакIэ, лIы ухъуащ. Бий бзаджэм нэхъ псынщIэу дытекIэуэ ухуейимэ, фIыиуэ еджэ. Нэзытхыр Алджэрийщ».

Iэхъуэбэч Билал 1941 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм накьыгъэм и 9-м нэсыху ди Хэкур ихьумэу зауащ. Ар Сталинград зыхъумахэм, Белоруссиер щхьэхуит къезыгъэщIыжахэм яхэтащ. Билал ПIасхъэщIэх гупым я пашэу нэмыщIэхэр гъэр ящIу псэзэпылъхьэпIэ куэдым Iуащ. Абы и лIыгъэм къыпэкIуащ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Щ1ыхь орденым и ещанэ нэгъэщIэр, «Сталинград зэрихъумам папщIэ» медалыр, нэгъэущI щытхъу тхыпIь куэди. И лъахэм къигъэзэжри, бийм зэхикъута колхозыр зэфIэгъэувэжыным ар жыдэжру елэжьащ. Апхуэдэуи къуажэ советым и секретару, иужькIэ гуфIэуэ бригадэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ щытащ.

Билал и къуэш Нухьи зауэм и пэм щегъэжьауэ иухыхункIэ зауэлIхэм я щапхъэу абы хэтащ. Лейтенант нэхъыжьым зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щ1ыхьэту Нухь дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм къыхэлыдыкIыу Абзуанхьблэ кIыгъэзэжащ икIи колхозым щ1ызэхэт парторганизацэм и секретару илъэс куэдкIэ лэжьэжащ.

Iэхъуэбэч Мыхьэмэтрэ Гуащэ1эфIрэ бынибл эздагъуэтати, Алджэрийрэ Эуберрэ я псэр я Хэкум папщIэ яташ. Шыпхъуитху яIэти, плIым я щхьэгъусэхэри зауэ гущIэгъунышэм хэкIуэдащ.

Аращ «зауэм и кIэр хьэдагъэщ» щ1ыжаIэри. Нобэ псэухэми къытщIэхъуэ щIеблэми ди фарзыр псэкIэ, лIыхъужьыгъэкIэ, лъыкIэ Хэкур ихуэзыхъужахэм яхуэфащэ пщIэ зауэ ящIыну, я фэеплъыр тхъумэну. Тхьэм апхуэдэ зауэ ящIыну я зэи димыгъэлъагъу!

IэХЪУЭБЭЧ Хьэшим,
лажьыгъэм и ветеран.

Iэхъуэбэч Нухь щ1ысщ.

● Хъыбар гуапэ

Абы куэд доплъей

КIэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым и студент Мыщхьэужь Казимир Щ1эныгъэхэмкIэ Урысей Академием и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ.

ЗЭФIЭКI зиIэ къэпщтакIуэ ныбжьыщIэхэр къэгъэнэIуэным, апхуэдэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ РАН-м и илъэс кьэс къыззэригъэпэщ зэпеуэхэм еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэм щыщу зи лэжьыгъэ нэхъыфIу кьалъута цIыху 21-м дыщэ медалрэ сом мин 25-рэ хуагъэфащэ.

Щ1эныгъэхэмкIэ Академием гъэ кIуам иригъэкIуэкIа зэпеуэм ди республикэм щыщу Казимир и закъуэщ къыщыхэжанакIар. Мыщхьэужьыр КъБКъАУ-м механизацэмрэ предприятэхэр электрокьарукIэ къызэрэзэпэщыныжмкIэ факультетым и ещанэ курсым щоджэ. А еджапIэм и декан, профессор Шэджэхьхьэщ1э Юрий и нэIэ щIэту Казимир къэпщтакIуэхэм я пащхьэ ирилъхьат «Улучшение естественных кормовых угодий на горных землях» фIэщыгъэм щIэт лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн.

Къыхэгъэщыпхъэщ Мыщхьэужьым Ежевскэм и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр 2018 гъэм къихьауэ зэрыщытар.

Щ1эныгъэм и дунейм пасэу пIэзбакъуэ дахэ хэзыча щIалэм и зэфIэкIыр нэхъыбэ хъуну, и екъулIэхэмгъэщIэхэмкIэ къыщалъхуа щIыналъэр куэдрэ игъэгуфIэну дохъуэхъу!

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ЦIыхухэм къахуэбгъанэрщ мыкIуэдыжынур

● Щапхъэ

Мэкъуэгъуэм и 23-м илъэс 70 гъащIэ гъуэгуанэр игъэлъэпIащ Урысейм Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щIыхь зиIэ я ухуакIуэ Аргун Олег Абубэчыр и къуэм.

1950 ГЪЭМ Хьэбэз щIыналъэм хыхьэ Куэшхьэблэ къуажэм дунейм къыщытехьа Аргун Олег и Iэщ1агъэкIэ мэкъумэш лэжьакIуэщ, Шэтхъалэ (Ставрополь) дэт Мэкъумэш университетым механизацэмкIэ и факультетыр къиуващ. Ар лэжьащ Тульскэ областым хьхьэ «Новый путь» колхозым и инженер нэхъыщхьэу, «Бесльэней» совхозым и парткомым и секретару, Хьэбэз щIыналъэм и тхьэмадзэу. Сытми, Iэщ1агъэмрэ Iэнатlэхэмрэ зэпэIэщIэ мыхъуу, зи кьебжэкIыр щIэх пхуэмыкуэн кьулыкъу лъагэ куэд зэрихьэкIащ. 1995 гъэм щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым Аргун ирихьэ «Хьэбэз гипс завод» Iэхъуцапlэм и унафэщIу.

«Мыпкъу уэсэпсщ, уи ужь ящынур цIыхухэм яхуэпщIэрщ» - абы тету мэпсэу адыгэлI гущIафIэр. Iэхъу кьыззрыкIуэ хуэдэу щытщ социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужьу щыта, Ленин орденитI зыхуагъэфэща, дамыгъэхэмрэ саугъэтхэмрэ зи куэд, илъэс 45-кIэ «Ильич и гъуэгур» колхозым и унафэщIу щыта Аргун Абубэчыр и къуэм адэм пхиша лъатIуэр зэрыхимыгъэгъуэщIэжащ. Ауэ хабзэмрэ унафэмрэ хэзыгъэ щIа совет лъэхъэнэм лэжьа адэм и щIеблэр зыхиубыдар цIыхум Iэщ1агъэми щIэныгъэми хуищI пщIэр щIыкIэрыхуа зэманыр.

Гъэщ1эгъуэну а Iэхум топсэлъыхьыжьащ Аргун Олег къыдеджа и ныбжьэгъу, Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм и тхьэмадзэ ФиIэпщэ Залымджэрий: «Нэхъыжьхэр кьакIуэри кьыжраIащ: «Олег, уи адэр псэужамэ, уэ дынольэIун хуей хъунутэкъым. Къуажэдэсхэм Абубэчыр пщIэуэ хуащIу щытар зыхуэдизыр уощIэ. «АдэФI къуэфI хуэщ1къым», - жумыгъэIэу, лIыгъэу уиIэр зыхэлъхьи ди лъэIур гъэзащIэ, Iэхъур хьумыгъэкIуэдэж».

Лжьэапlэхэр зэпэубыда щ1ыхуэ ди зэманым нэгъэущI дуней щ1ыпсэум ещхьы, Аргун Олег и закъуэ щ1ыкуу щ1ы бжьыгъэм я къару зрахьэпIэ Iэхъущ1апIэ зыбжанэ егъэлажьэ. Псом япэ и щIэ кьиIуапхъэщ и адэм и гъэфIэныщIэр зезыхьэ «ПIатIэ» мэкъумэш зэгухьэныгъэр. Колхоз тхьэмадзэу щыта Абубэчыр и ехьулIэныгъэфIхэр химыгъэкIуэдэжыну къелъэIуа къуажэдэсхэм я жэрдэмкIэт Олег ар и пащ зэрыдилъхьэжар. Иджы абы Iэщ1ымрэ губгъуэмрэ епхауэ щ1ыху 80 щолажьэ. Гектар 3000 яубыд нартыхум, жэгундэм, гуэдзым, хьэм. Iэщ фермэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ, жэм лъэпкъыфIу 180-рэ кьащхэхуати, абыхэм кьащIэхъуэ шкIи 160-р кьыдокIуэтей. Мэкъумэш Iэхъум Олег ирихьэлIэр зыхуэдизым и зы щапхъэщ абы Шэтхъалэ дэт мэкъумэш университетым щеджэ студентхэм папщIэ и адэ Аргун Абубэчыр и цIэр зезыхьэ ахъшэ саугъэтэ 10 зэрицъуар. Абджеж кьащ1ымыувыIэу, жиIэм тебгъуэтэж лIы щ1ыпкъым а кьалэм дэт мэкъумэш техникымэ и кьудамэ Куэшхьэблэ кьащ1ыщIэIуригъэхьин щхьэкIэ, «ПIатIэ» Iэхъущ1апIэм и унафэщIэр зыщIэх унэм и япэ кьатыр яритащ.

Илъэс 20-м щIигъуауэ, Урысейм кьащ1ымынэу, дуней псом щ1ызэбграш Аргун Олег зи унафэщI «Хьэбэз гипс заводым» кьащIигъэкI ухуэнигъэм ирахьэлIапхъэхэр. Абы щ1олажьэ щ1ыхуищ1ам щIигъу. «Сыт хуэдиз илъэс сыпсэуну Алыхьым кьыхсхуиухами, апщIондэху лэжьапIэ кьызэрызэпхъуэнуи ящ1ыхь ситыныщ, - яжреIэ Олег а псор зэрызэфIэкIым теухуауэ кьеупщIхэм. - «Унасыпыфlэщ уэ», - кьызжаIэ куэдым. Сынасыпыфlэщ, яжьзоIэ, щ1ыхуфIхэм садэлэжьэну кьэсхуиухуащи. Ди Iэхъущ1апIэм сэ нэхърэ нэхъыжь нобэ щ1ылажьэкъыми, ныбжь зиIэхэр си къуэшщ, нэхъыщIэхэр си бын пэлъытэщ, зы унагъуэшхуэ хуэдэу дызэхэтщ».

Зы цIыхум апхуэдизу дауэ хуэфIэкIрэ жозыгъэIэ Аргун Олег иджы дыдэ кьызэIуихащ IэфыкъкIэхэр щащ1 фабрикэ. Ари зыхуей хуэзауэ зэрыплъэжьэнум зыми шэч кьытрихьэркъым.

Хъыджэбзитlрэ зы щIалэрэ кьызащIэхъуэ зэщхьэгъусэхэм нобэ кьуэрыпхъу-пхъурыпхъэр ягъафIэ. «Нэхъыжьыфl зиIэм нэхъыщIэфIи иIэщ» псалъэжьырщ Олег кьыщIэхуа щIэблэм тепсэлъыхьхэм жаIэ псори зэкIуэлIэжьыр.

«ЦIыхум и пщIэр хэзыгъахъуэр абы зэхуихьэса мыIэкуракъым, цIыхухэм кьахуигъанэрщ, - жеIэ езы Аргуным. - Ди учь кьинэхэм зыгуэр кьахуэгъэнэфмэ, дэри ди цIэр кьэнэнущ».

ЩIэх и кIэм пхунэмыгъэсын тхьилъышхуэ пхуешэжьэнущ Аргун Олег кьилажьым псапэу хитыкI ахъшэр здынэсхэм ятеухуауэ. Кьилэжьым хэхъуэху, абы цIыхухэм папщIэ ищIэми хегъахъуэ, «псапащIэ» цIэр хуэфащэу зэрехьэ. Олег сыт щыгъуи мыIыкIэ защIегъакIуэ Хьэбэз, Адыгэхьэблэ щ1ынаIэм и школхэм. Абыхэм яфIокIри ар лъоIэс абхьаз щ1ынаIэм ит Ткварчали кьалэм и Iэхэлъаэм щыIэ ещIанIэхэм. Лъэпкъ, дин зэхэгъэж имыщIу, ар ядоIэпыкъу Марух жьауажьм щ1ылажьэ члисэм кьекIуалIэ чырис-танхэм, Жьакуэ жьлэм дэт мэжджытыр зырезыгъэхьари Аргунырщ. Олег зэи захъуэ щ1ысхьыркъым хэлъэт зиIэ, щIэныгъэм дихьэх щIалэгъуалэм ягу яхуиIэтын папщIэ. Абы и гулъытэ зыхащIэ зэпытщ КъШР-м кьулыкъу щ1ызыхь сэлэтхэми, Хьэбэз щыщ кьэфакIуэ гупми, узыфэ бзаджэ кьызэуэлIахэми, зи цIэ кьидмыIуэ нэгъэущI куэдми.

Тхыгъэм и кIэухым ди гуапэу кьыдохь нэхъыжьыфIыр зыцIыхухэм кьызэранэкIа псалъэ гуапэхэм щ1ыщ.

* * *

АРГУН Олег и гъащIэр утыку укъимыIъадэу, зыми и кIэм зыщ1ымыIуу цIыхухэм уаэзрыхуэщхьэпэфынум и щапхъэщ. Ар есащ адрейхэм защIиГъакъуэу: Iыхьлы-благъэм, лжьакIуэхэм, ныбжьэгъухэм, и унафэ щIэтхэм. Сыт и лъэныкъуэкIи укъегъэпэж. Уи анэдэлъхубзэм, укъызыхэкIа лъэпкъым и хабзэм пщIэ хуэпщIыныр абы и дежкIэ маХуэкъэс кьалэнщ, напэрэ цIыкугъэ-рэ зиIэ дэтхэнэ цIыхуми нэгъэущIу щытыну зыхуимыгъэфащэу.

БЕЙТЫГЪУЭН Iэуес,
Дунейпсо Арт комитетым и вице-президент.
Налшык

Аргун Олег

* * *

СЫТ ОЛЕГ теухуауэ пхужьIэнур? Абы зэрилъытэмкIэ, гъащIэм кьащхьэлIа псори Алыхьым кьрита тыгъэу аркъудейщ, езым щ1ыхуэ кьытемынэн папщIэ, цIыхухэм яритъжьыпхъэу, аращ пжььалIэщIэ кьызэуухьмкIэ щIемызэшыр.

ПлжьапIэ игъэуву иригъэхъулIаэхэри зыгъэр яIэщIыгъуэ IэнатIэм Iуигъэкlахэри зэхуэдэу кьыхуэарэзыщ Аргун Олег. Иужьрейзм ящ1ыщ акъылрэ напэрэ зыхуримкъуэр щIогъуэжри кьагъэззэж.

ФИIэПЩЭ Залымджэрий,
Акъбащ Ипщэ кьуажэм и тхьэмадз. КъБР, Тэрч щIыналъэ

* * *

IУЭХУР щиублэм деж унафэщIым хэлъыпхъэ ткIиягъыр кьигъэлъагъуэу, лжьакIуэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я деж нэсрэ, хьэл тыншрэ гумащIэу - апхуэдэщ Аргун Олег и лжьэкIэр. А бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, Iэнатlэм пэрытхэр щIыпсэгурымыIуэн е кьрахьэжьа Iуэхур щIамыгъэзащIэфын зы щхьэусыгъуэми зыкьащ1ымыкIэфу, зы унагъуэ хуэдэу егъэлэжьэф Олег и унафэ щIэтхэр.

АЛАМИА Геннадий,
УФ-мрэ Абхъаз Республикэмрэ я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт. Сыхьум кьалэ

Зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Май щIыналъэ

КъБР-м апхуэдэ иткъым

Май щIыналъэм тхьэкIумэкIыхь щагъэхъуэ и фермэр хагъэхьащ сабийхэм я шхынхэр къыщIэзыкIыным елэжь къэрал Iэхъущ1апIэхэм.

ЛЫ ЗЫЩI тхьэкIумэкIыхь лIэужьыгъуэхэу Янченко Сергей игъэлажьэ мэкъумэш-фермер Iэхъущ1апIэм иIэр мин 15 мэхъу, лъхуэнпIэн мин 1,2-ри абы хыхьэу. ТхьэкIумэкIыхьылу илъэсым мыбы къыщалэжьыр тонн 60-м нагъэсащ. 2010 гъэм къызэрагъэпэща фермэм псынщIэу зиужьу хуежьащ, абы 2012 гъэм гранту сом мелуаних ратэ нэужь.

Iэхъущ1апIэм и унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, а ахъшэмкIэ яухуащ тхьэкIумэкIыхьхэр щIыгъыну унэхэр. Ахэр бгъэхуабэ хъуу ящIащ. Iэхъущ1апIэм лжьыгъэу щIэлъыр абы хуэщIа техникэмкIэ щIэлагъэкI. Фермэр зэхуэщIащ, санитар-ветеринар мардэхэм ткIийуэ тетщ, я лэжьыгъэм зэран хуэхъун дагъэхьэркъым.

ТхьэкIумэкIыхь гъэхъуным хуэгъэпсауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпIэ Янченкэ Сергей и фермэм и закъуэщ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корруп-цIэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хуну телефон-хэр:

8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

● ДифI догъэлъапIэ

Хъунэгу Надия и гурыгъу-гурыщIэхэр

Мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу Иорданием щыпсэу усакIуэ Хъунэгу Надия. Ар Амман дэт адыгэ еджапIэм и унафэщIу илъэс пщыкIущкIэ лэжьащ, уэчыл къалэнхэри ирихьэкIащ.

ХЪУНЭГУР иджырей адыгэ усакIуэхэм я къащхьэщокI и тхыгъэжьи нэщанэ къаззэребэкIкIэ. Надия и усэхэр тхылъаджэм и деж зэрыносрэ илъэс 50-м щIигъуащ.

Псом япэу абыхэм гу зылъыуагъатэрт адыгэмэ зэращыимкIэ, лъэпкъ гурыщIэм зэрытегъэпсамкIэ. Нэхъыбэу Хъунэгум и Iэдакъэщэкlхэр дунейм и къэхъукъащIэхэм теуауат, абыхэм къаухуэ зэгъэщIэнкIэ къулейкэмкIэ цIыхум и псэр къиГэлъагъуэрт. Бгышхэуэхэр, къурш лъагэ пагэхэр кьигъэсэбэупрэ, абыхэм я пIэ дунейм зэрызыхищIэр иригъывэурэ, и гупсысэхэр, гурыгъу-гурыщIэхэр нэIурыт къытщищIырт. Апхуэдэт усакIуэм и дежкIэ хэр, тенджызыр, къуршхэр. Къэтхынти зы щапхъэ:

Хышхуэмрэ сэрэ

I

Си къуаншагъэр узу къызофыкI,
Сыпсэуакъым си гум зэрыжиIэу.
ЖысIэн хуейкэр ауи къызжьдэмыкI,
Псалъэ кунэф къомыр схуэмышыIэ.

Хым и Iуфэм си псэр нызохьэс,
Здезгъэхьынут толъкъун Iэлхэм зэшыр.
Я щIалэгъуэу толъкъун Iэщхэр къос -
ЗэщIэкъуауэ ахэм ягъэзэжыр.

Къарууншэу ахэм ягъэзэж.
Сыту кIэщI толъкъунхэми я гъащIэр.
Хыр, фызыжьу, и щхьэм хуопсэлъэж,
ЗыхимыщIэ пщащэм и гум щыщIэр.

II

Мы тэлайр уафэхъуэпскIым ещхьщ,
ЩимыщIыф абыи псори наIуэ.
Хым и тхьэусыхафэм гур хегъэщI,
Си гум жиIэм хыр изогъэдаIуэ.

Толъкъун тхъуахэр джалэурэ IуокIыж,
Зыхуейр ахэм си деж щагъуэтакъым.
Сымаджэ хьэлъэ бауэу къысфIощIыж,
СыщIэдэIумэ хым и бауэ макъым...

Сурэтыр 1970 гъэм трахащ.

Мы усэм къеджэм зыхимыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым адыгэ гъыбзэ - уэрэд усыкIэм и хьэл абы зэрыхэлъыр, ещхьу зэрыгъэпсар. Ауэ щыхъукIи, литературэм и хабзэфIхэмрэ IэмалыфIхэмрэ щыIэзыIуф, шэрыуэуи щыIэздолажьэ, дунейм и къэхъукъащIэ ехьэжьари уи гущIэм къышыщIжэжу къыпщегъэхьу, цIыху гурыщIэри абы щIэжьыуэ хуохъуж. Гурыщ1эр къышагъэпльагъуэ уэрэдхэм зэрыщыхабзэу, пщащэр тенджызым бгъэдохьэри и нэм илъагъуи и гум щыщIэр трегъапсэ, дунейм щекIуэкIхэр и гум щыщIэм хуехь, зэщIэпIуи тхылъаджэм къыхуехьри къыбгъэдельхьэж. ФемпIыт джалъэу зэтеджалэ толъкъунэр усэм и мыкъэнэм хьилагъ хэпIуэ зэрыгъэпсагъэм: «Я щIалэгъуэу толъкъун лъэщхэр къос - ЗэщIэкъуауэ ахэм ягъэзэжыр», «Къарууншэу ахэм ягъэзэж. Сыту кIэщI толъкъунхэми я гъащIэр».

Хьэмэрэ фызэхуеплIыт Надия и усэм хэт пщащэмрэ Iуэрыlуатэм дызышыхуэзэхэмрэ зэвгъапщи. Зощхьэщхьэ: хы Iуфэм макIуэри, и гум щыщIэ псор ирепIуэтыIэ. Iуэрыlуатэ нэщэнэм зыдиужьми, усакIуэ цIыхубзым и псалъэхэр и гум, и псэм къабгъэдокI, лирикэ дахэм и теплъэ иIэуи гупсысэ кууэм ухашэ. Аращ мыпхуэдэ усэ сатырхэм Iуэрыlуатэ хьумыльагъуэу, псори пщыгъупщIауэ и кIэм унэсхьуу ущIедджэри. Iуэрыlуатэм и нэщэнэ дэплъагъуркъым, дэплъагъупэми, гупсысэхэм я Iэфым укъызэтригъэувыIэркъыми, пщоГупщэ, пIэпоху.

Къэтхьа усэ сатырхэм, дауи, гу лъыфтагъэнщ нэщхьеягъ къызэрыхэщым. Адыгэ цIыхубз усакIуэм и нащэнэщ, Кlымрыкlуэм тету жьы хьууэ кlуэдыж толъкъунхэмкIэщ ар абы зэрызыхьдигъащIэр. Нэпкъым нэсамэ, мэхъу къарууншэ, мэжэщI.

ЕщхькъэтIэ ар цIыху гъащIэм? Ещхьщ. Дунейм и къэхъукъащIэ щыкIытIакIэ, дгъэзэжьынти Надия и уафэхъуэпскIыкIэ: «Мы тэлайр уафэхъуэпскIым ещхьщ, СщимыщIыф абыи псори наIуэ. Хым и тхьэусыхафэм гур хегъэщI. Си гум жиIэм хыр изогъэдаIуэ»...

Уэгури щыIури щызэтащ мы зы едзыгъуэ закъуэм. Абыкlэ къэдгъэльэгъуэну дызыхуейращи, нэгъуэщI къэрал щыпсэу адыгэ усакIуэ псоми фIыуэ яIьагъу мы Iэмалыр къагъэсобэпын: уафэсгъуагъуэр, уафэхъуэпскIыр, бгыр, псыр къащтэри, абыхэмкIэ езыхэм я гупсысэм и пэжыпIэ-нахуапIэм утрагъэIэбэ.

Апхуэдэу жытIэ щхьэкIэ, хэхэс адыгэхэми я закъуэкъым, адэжь щIыналъэм ис тхакIуэхэми ядыдолъагъу а Iэмалыр. Фигу къэвгъэкIыжьыт КIыщокъуэ Алим и романхэр. Мыбыи гу лъытапхъэщ: псынэ ткIуэпсыр дэнэ щIыпIэ къыщIымыхутами зэрыпсынэ ткIуэпсу къыззэрынэжьым ещхьыркъабзэу, адыгэпсэр, лъэпкъ гупсысэр, адыгэгур дэнэкIи къыщIэзтонэ, и купщIэр и купщIэу, и къуэатыр - арауэ. Зи гугъу тщIы Iэмалхэмрэ къэгъэльэгъуэкIэхэмрэ адыгэ хьэлу аращ, зы щIыпIэ щхьэхуэ щыIэм хэхауэ бгъэдэлъ къудейуэ мыхъуу.

Хьэмэрэ Кlуржым щыпсэуэ, щылэжьа Лохвицкэ Михаил аратэкъэ? КъафщIэ абы и «Уафэгъуагъуэ макъыр» - нэгъуэщI фыуейкъым... Гурэ псэкIэ зэхуэдэщ, зыщ лъыр. Аращ дэнэ щыIэ адыгэри, зы щэным и жьпхъэ икIэрэхъуэкIыу, нэгъуэщым теХьэнкIэ щIэмыхъур, сыт хуэдэ дуней тетми, сыт хуэдэм и Iэр, и щхьэр хэпIыни.

Хуабжьу Iэзэу кьеГэлъэгъуэф Хъунэгу Надия цIыхум и гум щыщIэр зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ. Хамэщ1 щыIэ адыгэм и псэр, абы и хьуэпсапIэхэр-щэ?

Мыбдежым гъэщIэгъуэн мэхъу. Хамэщ1 щыпсэу, щылажьэ щэрджэсхэр, езыхэр здэщыIэ къэралхэм я цIыхухэм здахэстым, я щIэнхабзэм, литературэм куэд зэрыхащIыхьым хуэдэурэ, адыгэу къонэжхэр - лъэпкъ хьэтI, макъ, хьэл-щэн яIэжщ, нэгъуэщI къакIэрымыпщIэу, нэгъуэщIхэми яхэмыпщIэу. Картэкlэ, щIыпIэщIэхэмкIэ фIкIа ямыльэгъуа, ямыщIэ я хэкужьым я гур щыIэщ, ар я нэгу щIэту тетщ дунейм. Мис арауэ къыщIэкIынщ абыхэм я Iуэхуи я псалъи къабзагъым, адэжь лъапсэм хуаIэ къабзагъым тегъэпсауэ щыщIытри.

Хъунэгу Надия зы усэ хьэлэмэт иIэщ. «Сыкъэвгъэуш» - аращ абы зэреджэр. Иджыри къэс си гугъу тщIа гупсысэхэр зэуIу щохъу мыбы уэзыщихьэпIэ сатырхэм. Хьэрыл псалъэ макъ зэдедаIуэм, абы и Iуклэр фIэхьэлэмэту здигъэщIагъуэм, усакIуэм и гупсысэр Кавказым щиIыгъщ, и пIэцIфэхэр ильагъум хуэдэщ.

Сыкъэвгъэуш

Сыкъэвгъэуш сэ пщэжджьжь жьыуэ,
Мо хьэпцIий хьэсэм сыхьихьэнущ.
Ныбгъуэ пшыналъэ зэщIэжьыуэм,
Хьэрыл псэлъэкIэм седэIуэнущ.

КъыщIислъыхъуэнщ бжэнтхьэху
щэныфIэр,
ХьэпцIийр сэ IэгукIэ згъэхуэбэнущ.
Адыгэм и цей къъущIыньфэр
Абдеж си нэгум къыщIыхьэнущ.

БАКЪ Зерэ,
филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.

ЩыIэтэкъым абы хуэдэ

● Фэеплъ

Ар 1925 гъэм Амман къалэм хьыхь Мухьэджрин хьэблэм къыщалъхуащ. Фэуаз и ядэ Махьер паштыхь гвардием илъэс 15-кIэ пщIэрэ щхьэрэ иIэу къулыкъу щищIащ. Къэзылъхуам ижь къыщIихуагъэнщ къуэми. 1942 гъэм Фэуаз дзэм хохьэ. СССР-р зауэ бзаджэм щыIут зэманым ЩIыкурытыхьимкIэ (Средиземнэ тенджьы) Америкэм кърашу Палестинэм, Трансиорданием, Иракым, Ираным блаш Iэщэр, гуэдзыр, хьэпшыпхэр зыхъумэ гупым яхэтащ Бырмэмытыр. Инджылыз генерал Глоб жиIэрт: «Фэуаз зыIут IэнатIэмкIэ зэи сигу ныкъуэкъым - ар офицер жанщ, емызэщщ, лыгъэ зыхэлъщ».

ИЛЪЭС 21-кIэ дзэзешэу щытащ Бырмэмытыр. 1949 гъэм Инджылызым абы къыщеух офицеркэм я дерс лъагэхэр, 1953 гъэм - Генерал штабым и академиер.

Батальоным и унафэщIу Фэуаз ялп хъэрыл-журт зауэм (1948) хэтащ. Зэрихьа лIыгъэр къалъытэри, орден къратащ. Дзэзешэу ар дэсащ Хъалил, Кlудус (Иерусалим), Наблус къалэхэм. ИтIанэ (1958) Бырмэмытыр ЗыхъумэжьынымкIэ министерствэм яшэ, зы илъэс нэхъ дэмыкIыуи генерал - майор мэхъу. Апхуэдэ дзэ нагъыщэ льаг Иорданием иС адыгэхэм щыщу ялп дыдэу зыхуагъэфэщар Фэуазщ.

1961 - 1963 гъэхэм Бырмэмытыр Генштабым и унафэщIщ. ИужькIэ пащтыхь Хьусен бен-Тlалал ар дипломат Iэнатlэм Iуэгъэуэз, зэрыгъэсар, бзэ IэфI зэрыIуфIыр, и зэфIэкIкIэ кьелъытэри. Зы илъэскIэ Фэуаз лIыкIуэу Тайвань (Китай хьтIыгум) щолажьэ. 1964 гъэм и кlэм абы Иорданием и лIыкIуэ тхылъхэр Iэщlелъхьэ Иракым и президент Абдел-Салам Ареф. Мазэ пщыкIуэ дэкIа нэужь, Бырмэмытыр лIыкIуэу яГэкIуэ Тырку Республикэм икIи абы илъэсищIкIэ щолажьэ.

1968 - 1969 гъэхэм Фэуаз Хамэ къэрал Iэзэхэмкlэ министерствэм и секретарь нэхъыщхьэщ. Дипломат лэжьыгъэр зэриутIыпщыжу ар пенсэ макIуэ.

Бырмэмытыр плIэнейрэ Амман дэт Адыгэ фIыщIэ хасэм и тхьэмадэу щытащ. Хэхэсхэм Кавказым и Iэфлагъыр егъэщIэныжкIэ, ди зэпыIэныгъэхэр гъэбыдэныжкIэ жэщмахуэ имыIэу куэд ищIащ. Дунейм ехыжьху Фэуаз лэжьащ «Ледженда-ш-шария» фIыщIэ хасэм и унафэщIу.

Бырмэмытыр махуэ хьэс цIыхухэм сэбэп яхуэхъурт. Нэхъыбэу абы и кlэ зыитетыр адыгэхэрат.

ФЭУАЗ и унэр музейм ещхьт. Блынджабгэхэм фIэлъ суратхэм уеплъмэ, а лIым дуней зэрилъгъуар, батэ зэригъэшар псалъэншэу къыбгурыIуэрт. Зы суратым абы Иранымрэ шахиншах Мухьэмэд Реза Пехлеви фIэхъус къыреХ, адрейм - Гамал Абдел Насер бгъэдэтщ, ещанэм Тыркым и президент Джевдет Сунай Iэплlэ хуеущI, епIланэм - Кением и унафэщI Ахьмэд Секу Туре и гъусэу Амман и уэрамхэм ящыщ зым дэтщ, етхуанэм - Чан Кайши лIыкIуэ тхылъыр ирет... «Бырмэмытыр зрэщымыIарэ, имылъэгъуарэ щыIэжьым», - жыпIэмэ, ущымыуэну си гугъэщ.

Абдж тегъэлъэдэжауэ блынджабгэ щхьэхуэм фIэлъщ Фэуаз лIыхъужьыгъэ зэрихьамрэ лэжьыгъэ игъэзэщIамрэ папщIэ къэрата орденхэр, медалхэр, сэшхуэхэр. Ахэр плIыщIым щIегъу. ТIощIыр - Иорданием ейщ, плIыр - Инджылызым, тIур - Китайм, Бырмэмытым къыхуагъэфэщащ, Сирие, Малайзие, Тунис, Алыдж, Мысыр, Ливие, Саудей Хьэрыпым, Катарым, Йеменым, н. я дамыгъэхэр.

Дэрэжэгъуэ, гукъыдэж дахэ Фэуаз къезытт абы и щхьэгъуэ, тырку генерал Кlунды хьэу Мусэ и къуэрылъху Расмийе, а тIум я бынэу Ланэ, Линэ, Динэ, Алий, Алия сымэ, я пхъурылъху-къуэрылъху цIыкIуэхэри хэтыжу.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.

Бырмэмыт Фэуаз и усэхэр

I

Си гущIэм йохуэбылIэ

И тыгъэ лъапIэт ар си лъэхэ дыщэм:
Жьэгупащхьэ мафIэ, гукъыдэж, насып...
И Iуфэ щыщIэм щикъухьа си лъэпкъым
И гуауэ хьэлъэр сакъыу къызощIэ.

Си Хэку щэджащэр нэхъ спэIэщIэ хъухукIэ,
Сэ зэпысчыхукIэ гъуэгужь сысымейр,
Си гущIэм йохуэр нэхъри йохуэбылIэ,
Псэунщ си Лъахэр къутэжьыу дунейр.

ЩыIэкъым пэсщI

Мывэ фIыцIэшхуэр къыщIэплъэнщ
уи нитIым.
Хьиса и лъахэм ар щожей и кушI.
КъызощIыунщи удз гъэгъа дахащэр
Сакъыпэу, хуэму тещхьэлъэнщ
уи Iэщ1.

Фщымыхъу а жьыСэр псалъэ зэфэзэщу.
А жьыСэм нобэ щыIэкъым сэ пэсщI.
Хэкужь и мыви и дахагъи хуэлIэр
КъысфIощI ихьауэ нобэ щIапIэ нэщI.

Щхьэгъубжэ лъабжьэм зыщеIэт жыгыщIэм,
Абдж зэщIэльыдэм доджэгу дыгъэ бзий.
А псор ильэтмэ, хьунущ зэуэ гущIэр
Бзуунщэ абгъуэ, бгынэжа псыкъуий.

Налшык, 1990 гъэ

Пащтыхь Хьусейн бен-Тlалал Фэуаз и деж иригъэблагъащ. *1978 гъэ*

Тыркум и Президентым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Чаглыянгил Ихьсан (Хъунэжь) и гъусэу. *1980 гъэ*

● Жыжьэ - гъунэгъу

Сириемкъиlукl макъ

Дунейпсо Шэрджэс фестивалым (1991 гъэ) и лIыкIуэхэу нэIуасэ тхуэхьуахэм ящыщщ Сириемщыпсэу адыгэ пщащэ КIэдыкIуей Хьаныр.

Хьаныр Дамаск еджапIэ нэхъыщхьэр къыщиухащ. И Iэщlагъэкlэ сурэтыщIщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIа сурэт зыбжанэ Сириемрэ США-мрэ ехьулIэныгъэ яIэу щагъэльэгъуащ. ИужькIэ КIэдыкIуейр стюардессэу лэжьащ, къэрал куэд илъэгъуащ. Езым зэрыжиIэжымкIэ, Хэкужьым нэхърэ нэхъыфI, нэхъ дахэ, нэхъ зыгъэпIейтей дунейм темыту араща.

Хьаныр, фестивалыр здекIуэкIым, мызэ-мытIэу утыку итурэ тлъэгъащ, гуакIуэу уэрэд жиIэрт, псэм дыхьэу и усэхэм кьеджэрт. Фи пащхьэ нобэ нитлъхьэ усэри КIэдыкIуей Хьаныр и Iэдакъэщ1экIщ.

ХЬЭТУ Пётр.

Адыгэ хэку

Сыпхуохъуахъуэ, си Хэку дахэ,
Нэщхъеягъуэ уимэщIэну,
Уи гуфIэгъуэхэр мардэнщэу,
Уи дунейри тхуэмамыру
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ.
Уэ уи мэзым зыщыдгъэнщIу,
Уэ уи щыгум дыщыпажьэу,
Уи нэхъыжьхэр дгъэузэу гъуаззэу,
Къуалэбзуэхэм уагъэдахэу
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ.
Хамэ щIыхухэр уэ къохъуапсэу,
Псыхъуэзу уиIэм щызэблэжу
Ди лъэпкъ жьылэр щыбэгъуауэ,
Уи гъунэгъуэхэр къомыщэжу
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ.
Уэ уи уафэм дэ дыщIэту,
Ди пэрытхэм щхьэр яIэту,
Лъагэу, ину уэ уи ныпыр
Ди Хэку дахэм щыщэмауэ
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ.
Уэ уи мазэр къытхуэнэхуу,
Уэ уи дыгъэм дигъэхуабэу,
Уэ уи уэсхэм дигъэщIыпэу,
Iуащхьэмахуэ щхьэгъэрыту
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ.
Уэ уи гъатхэ зэ дыхэсу,
Ди лъэпкъ псори зэнэзэпсэу,
Гупсэ IэфIыни ухуагъадэу,
Фадэ Iэнэр яIэтыфу
УдиIэну сыпхуохъуахъуэ!

КIЭДЫКIУЕЙ Хьаныр.

Бегъымбар щIыналъэхэм

Израилым адыгэ къуажитI исщ - Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ. Кфар-Камэм дэсхэр шапсыгъэхэщ, я бжыгъэр 3200-рэ мэхъу. Рихьанием щопсэу абазэхэ, шапсыгъ 1200-рэ хуэдиз.

1878 ГЪЭМ иужькIэ адыгэхэр Палестинэкlэ зэджэ щIыналъэм къэIэпхъуэу хуежьащ. Ахэр Галилеем дэж къыщIэзэтеувыIэри, а щIыпIэр псэупIэ ящIащ.

Кфар-Камэ дэсхэр гектар 850-м толажьыхь. Жылэм Адыгэ Хасэ (кIуажэ муниципалитет), сымаджэщ, курыт еджапIэ, спорт джэгупIэ, адыгэ музей дэтхэщ, жыг хадэ дахэ щагъэкI.

Рихьэнием псы зыщIэбгъэльэдэ хъун щыгуу иIэр мащIэщ. Мэкъумэшым елэжьыр куэд хъуркъым. Жылэдэсхэм я нэхъыбэр нэгуэщI къалэхэм щолажьэ, е джыкъаз зэрахуэу, мэл ягъэхъу.

Кфар-Камэ дэсхэм я унэцIэхэр мыращ: Лlыlыр, Лlыбей, Гуэрыкlуэжь, Хьэхъу, Выщхъэ, Нэпсо, Щоджэн, Хьэтыкъуей, Абрэдж, Ацумэжь, Батэ, Бланэзапцlэ, Бгъанэ, Куэблэ, Хьутlыжь, Натхъуэ, Нагуэ, Тхьэхъуэ, Хыдзэлl, Хьэжь, Щэджащэ, Щхьэлахъуэ, Тlэф, Лlыхъужь, Къуадджэ, Пlытlыжь, Къарзэдж.

Кфар-Камэрэ Рихьэниемрэ дэт еджапIэхэм ешэ классыр къаухыу адыгэбзэ щарагъэдж. ИтIанэ иврит, инджылызыбзэ, хьэрыпыбзэм нэхъ тракъуэгъ.

Рихьэниерэ Кфар-Камэрэ щыпсэу адыгэхэр куэдрэ зэкIэпхъуIуэ, зэхуэгъапэу мэпсэу, лъэпкъ Iуэхум зэкъуэту бгъэдэтщ.

Кфар-Камэ дэт Адыгэ Хасэм емызэшыжу хэтащ Щоджэн Екья. Абы адэжь хэкум щыпсэуухэм хъыбар яригъэщIащ «Израиль адыгэхэр» зыфIащa маркэр дунейм къызэрытехьамкIэ. 1989 гъэм, щIышыпIэ мазэм и 13-м а маркэм ялп дыдэу пощт мыхъур щытрагъэуар Кфар-Камэщ.

Рихьэние дэт ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и къудамэм и унафэщI Къарэздж Асхьэд и тхылъэмкIэ Израильым ис адыгэхэм я лъэпкъ тхыдэр яджьыж. Асхьэд Къэбэрдеймэ, Шэрджэсмэ, Адыгеймэ мызэ-мытIэу щыIащ.

САУД Аравиеми адыгэ уащрохьэлIэ. Куэд щIауэ щыпсэурэ ди хэкуэгъуэхэр бегъымбар щIыналъэм? Ялп гупыр, цIыху 400 хуэдиз хъууэ, Саудым щыIэпхъуар 1967 гъэм и ужькIэщ, Сирием, Иорданием икIри. Ахэр сытым нэхъ елэжьрэ жыIэмэ, хэт хуэакIуэщ, хэти егъэджакIуэщ, инженерщ, диным пылъщ е дохутырщ.

Сауд Аравиеми щыпсэу адыгэхэм хасэ яIэкъым, ауэ зэдэIэпыкъунымкIэ псапащIэ фонд къызэрагъэпэщащ.

Къэралым и къалащхьэ Эр-Риад адыгэ 1000-м щIигъу щопсэу, Джиддэ - 100, Мэккэ - 250-рэ, Мадинэ - 120-рэ, Даман - 80 хуэдиз. Губгъуэрысхэм я гъусэу жылагъуэ цIыкIуэми дэсщ ди лъэпкъэгъуэр.

Саудым щыпсэу адыгэ унагъуэхэр: Багъхэ, Къэзанхэ, Аргъышхэ, Гъышхэ, Лъысхэ, Шагужьхэ, Щауэжьхэ, Щоджэнхэ, КIэрэфхэ, Хьэгъурхэ, нэгъуэщIхэри.

ШЫБЭКЪУЖ Данэ.
Амман къалэ

Зи анэдэлъхубзэр Iумпэм зыщIэхэм, зэзымыпэсыжхэм дерс къыхахыну ди гугъуэщ иджыпсту вжеIэжыну хъыбарым. Ар къытхуэзыIуэтэжар Тыркум щыпсэуа адыгэ щIалэ Тхьэзэплъ Фозийщ.

* * *

ЕЩАНЭ классыр къэдухыу еджапIэм дыдыщащIащ ар тырку бзэкIэ.

Сызыуэрар жесIа куэдейуэ, щIалэ цIыкIуищ къыхьэфIыу, - щыжиIэм, арэзы сыхъури, цIыхубз зэпшыпэ зыщэ ди цIыхугъэ тырку гъэрым гъуэз зыхуэсщIащ. Къуажэ-къуажэхэр къызэхэткIыхьурэ, сату щIырт...

Апхуэдэу къэткIыхьурэ, илъэсым и мазэ ебланазм и епщыкIутхуанэ махуэм, дунейри хуабэхэуы, Гъузэгу дызыдытетым щхъуантIагъэм зэщIищта къуажэ къабзэлъабзэ щыкIу къэтлъэгъуащ. Къуажэбгъуэм дыкъыщыувIэри, тIэкIу зыдгъэпсэхуну жьауапIэм дыщIэтIысхьащ. Тырку щIалитI си гъусэу арати, абыхэм гур лъэныкъуэкIэ ягъэуващ, сэри псы, ерыскъы, къуэмышIу дызыхуеинуэр къэсщэхуну къуажэм сыдгъэхьащ.

Тыкуэнтесыр зи ныбжьыр илъэс пщIейм нэсагъэм фызыжь гуэрт.

- Къеблагъэ, сытым укъытхуихьа? - къызэупщIащ ар тырку бзэкIэ.

Сызыуэрар жесIа куэдейуэ, щIалэ цIыкIуищ къыщIэльадэри, сыкъуэкIащ ар тырку бзэкIэ.

- Уэ, си щIалэ, иджыри адыгэбзэкIэ зэ къэпсалъи, мы слъагъур пщIыхьэпIэрэ нахуапIэрэ къэзгъащIэ, - жиIащ нанэм. Фызыжьым и щытыкIэр щыслъагъум:

- Уа, нанэ, сыт апхуэдизу узыгъэпейтеяр? Сэри сыадыгащ, - жысIэри, нанэм сыщыбгъэдыдыхьэм, гъыуэр зыкъысхуидзащ, сызрикъуэзылIри, моуэ илъэс Iэджэкlэ имылъэгъуа, Iэджж щIауэ зыпэплъэ и быным хуэзэжа хуэдэ, и бгъэгум сыщIигъэзэрыхьауэ си щхьэм Iэ къыщелъэ, ба къыхсуещI, мэгъуэг.

Зэрыгъым хуэдэурэ нанэм жиIа псалъэхэр зэи сигу ихужьыркъым:

- Сэ нобэ мы махуэр тхьэм сигъэлъэгъуащ, жи. - Сэ, - жи, - зы пщэжджьжьи сыкъэтэджакъым, зы пщыхьэщхьи сыгъуэлъэныжакъым жьыми щIэми, цIыхубзми цIыхухъуми, зы адыгэ сыхуэмызэжауэ, сымылъагъуажауэ сумыгъаIлэ жысIэу тхьэм семылъэIуу. Иджы тхьэм си псэр сIихми, си гур згъэтIылъауэ, сыарэзыуэ естынущ. Сыт щхьэкIэ жыIпIэмэ, си анэдэлъхубзэкIэ псалъэ зы щIалэ нобэ тхьэм сигъэлъэгъуащ.

Нанэм и гъныыр тIэкIу щызэпIигъэуэм, сеупщIащ:

- Нанэ, мыпхуэдизу адыгэбзэм уи нэр къыхуикIыу укъэнэныр дауэ ухъу?

Апхуэдэу сыщеупщIым, нанэм мыр къызжиIащ:

- Уэ, си щIалэ дахэ, сэ дунейм сыкъыщытехьэм си анэр дунейм ехьжащ. ИлъэситIым си ныбжьыр иту си адэри лIэри зеиншэ къабзэу дунейм сыкъытенащ, си анэшым сапIыжащ. Илъэс пщыкIух хуэдиз си ныбжьну ди къуажэм шы къащэхуну тырку гуп нэкIуэу щытащ. Шыри къащэхури, ежьэжьихэу загъэхэзыраух, псы щIэсхри яхуэсшияц. Зыхуэсшияр занщIэу къапхъуэщ, сиIэтщ, и шыпIлIэм сыдидзэри срахьэжьащ. Срахьэжьэри, я гъусэхэм щыщ гуэрым нысуэ сыхъахьащ. Ар си къэкIуэкIэу мы къуажэм сыкъэкIуащ. Мыр тыкру жылэщ, игъащIэм адыгэ щыпсэуакъым, адыгэбзэкIэ псалъэ къыдыхьакъым. Аращи, нобэ си ныбжьыр илъэс тIощIиплIым нэсами, сыщIалэ дыдэу сыкъыззрадыгъуэ зы адыгэбзэ зэхэсжакъым. Нобэ уэ къысхуэпхьа насыпым и инагъыр пхуэIуэтэщIыныкъым...

Апхуэдизрэ и лъэпкъэгъу имылъэгъуауэ, емыпсэлъауэ и анэдэлъхубзэр зэрыщымыгъупщэжар сфIэгъэщIэгъуэну нанэм сыещIыжьыну, мыр къызжиIащ:

- Си бзэр сщымыгъупщэжын щхьэкIэ, Алыхьым и зы махуэ дэзмыгъэкIыу гъуджэм сыкIэрыуэрыр сэр-сэру сызэпсэлъэжьырт. «Си адыгэ сыхуэгъэзэж, си адыгэ сегъэпсэлъэж», - жысIэурэ тхьэ селъэIурт. Унэм щIэлъ хьэпшыпхэм сепсалъэрт...

Тырку къуажэм сыкъыщыдэкIыжьым нанэм зыкъыщымыгъэщIу ба къысхуищIу, Iэ къыздилъэу Iэплlэ ешэкIкIэ сыкъригъэжьэжащ.

Сыпсэуху сщыгъупщэнкъым а нанэр.

Зытхыжар
АБЗУАН Пщымахуэщ.

Тхьэзэплъ Фозий

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74-хэм итц).

АращхьэкІэ жыг баринэри къегуэпакъым хъаным. Къаплъэн-Джэрий и псэр аргуэру илъэдэжащ Кърымым. И нэгум къышІэуэ-ващ хъангуащэ Алсу. Хъангащэр и щхьэ-гъуэсм щыгъуу зекІуэ къэкІуэну лъаІуэурэ къигъэнат. Бахъшысэрей нэщыжьым дэт хъан уардэунэм Къаплъэн-Джэрий щІэ-мысмэ, Алсу хуабжьу къытехьэлъэрт. «Къыздэсшауэ щытатэмэ, сыту дахэ куэд илъагъунт хъангуащэм! Ди щІыпІэми хуэ-дэу щІэращІащ мы лъахэр. Пэжщ, мыбыкІэ щыІэ къуршыбгъэр нэгъуэщІщ, щхьэнтІа-гъэм хокІуадэ къыр дзакІэкър. Мо мэз Іувхэм щыкуэдщ пхъэщхьэмыщхьалъэ жыгхэри. Кърушыщхьэхэм я уэс пІыхэм Іуплъэнтэкъэ Алсу? Мылыльхэм къащІэж къуршыпсыр Іухуэнтэкъэ си дахэм? Жэщ-хэр-щэ... Къздабэ вындыкІэм вагъуэ налкъутхэр щІэзподжэгу! Кьызэрыздзэмы-шам и гуІэфІтещІэжу Алсу хуэсхьищ ХьэтІохъущокъуэу гуащэм и щІыІу-бгырып-хыр. Алсу и бгы псыгъуэ лантІэм си Іэкіэ есщэжІынщ а къэбэрдей пщы уэпий гуащэм и бгырыпх лъапІэр! Абы и зыбгуэхьым: Къэбэрдейм сызэрихьэу а къэкІуэсэжаи-тІыр къэзубыдыжынщи, тІури зэщІыгъуу хъангуащэм тыгъэ хуэсщІынщ! Зыхуей дыдэ лейр ярихьну хуиту...»

Адэкіэ Къаплъэн-Джэрий игу къигъэкІы-жащ Диваныр щызэхуэсам къыпэщІэуваэ-хэр: «Мыдэ згъэзэжмэ, сахурикъунщ абыхэ-ми! Я щхьэм къищхьэрыуэхункІэ, цІыхур ягъэжакъуэу есащ. ЩыкІыпащ иджы. Къы-жьэдэкъуэну и чэзущ...»

Псым уэзпрыкІмэ къыщыщІ мэзым шу гуп къыззрыхэкІар щилъагъум, Къаплъэн-Джэрий зыкъиІэтри, сэшхуэ Іэпщэр икъу-защ. Щхьэхъумэхэри дууэ къызэхуэсри, хъанар хъурейуэ къаувыхьащ.

- Хэт ахэр? - Уракъ мырзэм хущІоплъ хъаныр.

- Ахэр... ахэр, - гужьеяуэ къопсалъэ мырзэр, - сыщымыуэмэ, адыгэхэрщ...

- Сыщыуэмэ! Сыщымыуэмэ! Дэнэ щыІэ ди зауэлІхэр?

- Мис. Ди гупэм къиувац ди зауэлІхэр. Щэрджэсхэр мышынэу псым къызэпрыкІы-нукъым, хъанхэм я хъан. Я сэшхуэхэр къытхуагъэдэлъэнурэ загъэбзэхьжынущ. Аращ сыт щыгъуи я хьэлыр.

Къаплъэн-Джэрий сэшхуэ Іэпщэр иутІыпщыжащ, и къэптал щІыІутелъыр иукъуэдиижри, мамыру тахъгэм зригъэщэтэжащ. Гъэзави, шыни къищыртэжьым хъаным и нэгу. Щэрджэс адыгэхэри, Уракъ мырзэм эрямыгугъауэ, нэпкым къыІукІуэтапэри, ящыщ щым тэтэрыбзэкІэ:

- Кьрымхэм я хъан! Уи Іэлигъуэт-пэщэ бырТым цІыкІур лъапцІэрышэу ныпхудгъэущ. Ди фІэхъус сэламри хьэчэхьэпсэу ныпхуздельэф. Уигу умыгъэныкъуэ, нэсынущ куэд дэмыкІыу!

- Хэт а щІалэ напэнщэр? ... СцІыху хуэдэ... - макъ гурымыхькІэ щІоупщІэ хъаныр.

- Ущыуэркъым, дыгъэр зи теплъэ. КІэмыргуеипщ Бэлэтокъуэм и пхъурыльхущ ар, Даурщ.

- Ы-ы-ы! - гызыжу къикъуэлъыкІащ Къаплъэн-Джэрий и бамПІэ зэзэыр. Хъаным и гум дыдэ папцІэу къыхэуІуащ «сэнджакъ-бей» цІэр сулътІаным зыхуигъэфэщащ кІэ-мыргуеипщым къыхуздихьа сэшхуэр... Ахьмэд сулътІаным и тыгъэр! Арыххэри къыщиудри: - Догуэт, ара Абрэдж мырзэм и къуэр?

- НтІэ. И къуэт, ауэ... и адэм къыпэувы-жащ.

- Бэлэтокъуэпщыр?

- Хъанышхуэ, кІэмыргуеипщыр фитІнагъэ фиблу шейтІан Іэужьщ. Бдзэжьейм хуэдэу пІэщІоцІэнлъри иГу илъыр, плъэкІмэ къащІэ! Мыдэ, Кърымым и лыкІуэ Іэлигъуэт-пэщэр къэсмэ, пхырыпущІыхь. А тІур фІыуэ зэроцІыху, - гъэхуауэ жэуап кьетыж Уракъ мырзэм.

- Уи псалъэр кІыхьщи, и купщІэр нэфщ. Дэнэ щыІэ езыр а сызэупщІынур? Си упщІэхэм жэуап къаритыфыну зыІл къыфхэмыту ара? - губжьыпат иджы хъаныр. - Зыгуэрым къызгурыІуэу мыбдеж къы-щеІкІуэкІыр!

- Хъаныр зильгуэжу зэщІапльэрт. Жэуап къызыпихыну псы Іуфэ мэзхэра нэхъей, ихъуреягъыр зэхилпльхьыпэ здэпащэм, мэз лъапэм щІэтурэ, дзэ уныІэпІэмкІэ къекІуэкІ лъэсырызекІуэ гуп къыІэщІэлъэ-гъуэщ. Бгъунжу щІэщэтурэ елъэбыкъуэд Іэлигъуэт-пэщэр я пашэу Къаплъэн-Джэрий лъапцІэу къыхуэкІуэрт Іэщэ лІуэжьыгъуэ гуэри зыкІэрымыльІы лІы щхьэпцІэ гупыр.

Хъаным пэгъунэгъу къызэрыхъуу, Іэлигъуэт лъэгуажьэмыщхьэу тІысри, и щхьэ цІофтыр лъахъшэу игъэщхъщ. Алпэздэ дыдэу къыкІэлъыпТысащ и гъусэхэри.

Къаплъэн-Джэрий и Іупэ тыкъыр Іувыр шыл гъэжьам екІуэ ІурыуфІыцІыкІыурэ и пэбг ентІыцІыфэр зэлъэри, еэыми гу зыльы-мытэжу тахъгэм зыкъытрИэтыкІащ. Іэлигъуэт-пэщэм и щхьэфэ упсам хъаныр гу-щыкІыгъуэу епльри:

- Тэдж. Къэхъуар сыт?

- Уи дэж дыкъакІуэрт, хъану щыІэм я хъан. Ящщхъуэдэмыщхьэуэу адыгэ хьэщхьэры-Іуэхэр мэзым къызэрыщІэхри дагъэпудащ: дишхэр тІрахащ, Іэщэр ткІэрахри, ди пыІэхэр тщхьэрахащ. Кьыгтхуэгъэгъу, Алы-хьым и лыкІуэ!

- Сэ пхуэзгъэгъу къудейкІэ гъужьину апхуэдэ иклагъэр! Ар пкІэрылъу адэкІэ упсэуну гугъэ пщІырэ?

- Мыгъужу къыскІэрынэр щэрджэсылъкІэ естхъэщІэхынщ!

- КІэмыргуеипщ сэнджакъбейр къыз-дэпщэну дызэгурыІуатэкъэ?

- Бэлэтокъуэпщыр, хъанхэм я хъан, уэбзэх-щІыбзэхщ. Зыдигъэгъэтырькъым...

Іэлигъуэт-пэщэм жиІар щхьэдигъэІухри, Къаплъэн-Джэрий лъэгуажьэмыщхьэу къы-пэщІс адрей гупым ней-нейуэ яхэпльащ:

- Фэ укІытэншэхэм хэт нэхъыжьыр?

- Сэращ, - жиІэри Бэубэч бейгуэлым и щхьэр нэхъри лъахъшэу ирихьэхащ.

- Уракъ мырзэ, - кьыпещэ хъаным, - уэри мыбы лъэгуажьэмыщхьэу къыбгъэдэуэт! Хъанрэ пэщэрэ зэрахъуэ хабзэр фигу къэзгъэкІыжьынщ... - Къаплъэн-Джэрий ли-тІыр щІопщымкІэ гуащІэу зэпилъащІэщ, зыкъигъэзэжри, Іэлигъуэт-пэщэм и Іэфра-кІэм ентІэлу щІыкІэу щэтырым иригъэбла-гъэурэ, щхьэхъумэхэм яхуидзащ:

- ЦІыху щыгъэтауэ, бзу блыремылъэт си щэтырыщхьэ!

Фэ пщыІэм щІыхьажа хъаным Іэлигъуэт-пэщэр здэтІысыжри иригъэлъагъуу, щІопщ дакъэр ешийри, езыри мыпІащІэу тахъгэм ЩІыбгъэ. Щымт хъаныр. Къаплъэн-Джэ-рий иджыпсту зэгупсысыр псы Іуфэм къыщыкІия адыгэхэр артэхъым. Іэлигъуэт-пэщэр къызэрыуэкІуа теплъэми къелыы-нут хъаныр. Ахэр зыми щыщтэкъым... Пэщэр жьэмщхьэму къыщІэкІамэ, ар езым и Іуэхужт.

Хъаным иджыпсту шэч гуажэ хузэхуар кІэмыргуеипщыр, Ахьмэд сулъТаным кьы-хуригъэхьа дыщэ сэшхуэр Іэщ ІилъэкІэжьыну зыпэплъэ Бэлэтокъуэрт. Дэнэ ихьыну иджы а тыгъэр? Пхъынтэдэлъу кІэмыргуеи-пщым хуигъэтІыгъуэнщ, модрейр щІегъуэ-жу хъунэхъжьыкІ! Къаплъэн-Джэрий и акъылым къыхуигъэтІасэртэкъым Бэлэто-къуэм къыщыщІаинкІэ хуэнт. Мыбдеж и нэр къытІэтІу иджы къыхуэтІысыжа псэущ-хьэ быртІымым зыгуэр имыбзыщІу пІэрэ? Армырамэ, сыт кІэмыргуеипщым и пхъур-рылъхур ІэштымыгъадэлъэкІэ псы Іуфэм къыщІыІуувар? Псом нэхъри нэхъеижра-щи, дауэ сулъТаным зэрыгуригъэІуэнур мыбдеж къыщІекІуэкІым и щхьэусыгъуэхэр? КІэмыргуеипщыр Тыркымрэ Кърымымрэ къепцІыжар пэжмэ, сулъТаныр, хъанри, абыхэм зэІапхэ дыщэ сэшхуэри щІэнэкІа-лъэу тхыдэм къыхэнэщІ Хьэ жьІэщІэ щІэ-щтэжам ещхьу мыбдеж къэтІыса пэщэм ущыгугъри хуэнщІей къэпым уеІунщІри зыщ... - «Кьыдэдвыжурэ Іуэхум и пэжмІэр щыхэзгдгъэкІыж щІыкІэжым иджыпсту дызэрыгъэтр. Мы Къэбэрдей зекІуэм и кІэ дызэриплъэу Іэлигъуэт-пэщэри кІэмыргуе-ипщри зыкІэрыщІаУэ щІезгъэлъэфэнщ а сэ зэгуэр сызымытхэла Инжьыджьы-жьым», - гурыфІыгъуэ ищІурэ Къаплъэн-Джэрий и дамэжэр ишэщІщ, къэруакъ ферс хэдыкІар зыщхьэрригъэззэгъэжри, зи-зыІэнтІыхьы къыпэщІыс Іэлигъуэт хуеплъэ-кІащ:

- ЗэрыжьыпІэмкІэ, Бэлэтокъуэ пщым дзаэри мылынцІу лыри мыцІынэу и Іуэхухэр мызыгъуэгукІэ хуэзгъэкІуэкІащ. Аратэкъэ адыгэхэм зэрыжаІэр?

- Аращ, дыгъэр зи теплъэ. КІэмыргуеи-пщыр е егъэлеяуэ Іущщ, е икъукІэ къыхэхуэ-гъуейуэ хьилэщІщ. Зы тІыщхьэ мычэму ди дзэхэр мэл хъуцэкІэ кьыззриугъэпэщаэрэ пэт, епль а къыпТкІэщІищІыхьжьжам...

- Кьрымым щыпсэу ермэлыхэмрэ алыджхэмрэ зэрыжаІэм тепщІыхьмэ, хьи-лэри акъылым щыщщ. Бэлэрдейм щы-зэхэдгъэкІынкъэ абы и пэжьпІэр!

- Хъаныр зыхэщІэгъэуэ Іэлигъуэт-пэщэм Іуплъэурэ:

- ДапэкІэ зэи, зэхэпхрэ ар: зэ закъуи си пащцхьэ лъэгуажьэмыщхьэу укъымы-тІыхьхь!

- Хъанхэм я хъан, лъэгуажьэмыщхьэу уи пащцхьэ къыщыщІыІуэр гъэгъунынгъэщ. АдреитІым ещхьу щІопщкІэ сызэщІэп-хулыкІами схуэфэщэпст, - Іэлигъуэт-пэщэр Уракъ мырзэм нэбгрыкІэ хуоплъэкІыжри, и щхьэр ирехьэх.

- ЖысІащ зэ жыІэгъуэ: Хьэуэ! Сы-зыхуэмейщ ар. Уракъ мырзэ, Муртаз-пэщэр щыхэтыр зэбгъэщІа? ЩІэх къэсыну? Сэ къыслэпІльэнІам и пІэкІэ, сапэплъэн хуей щІэхъуар хъыгъуриыгъаІуэ аидыж! ЛІы-кІэкІэр вгъэкІуакъэ?

- НтІэ, нтІэ! Псори гъуэгу тетщ, Алыхьым и лыкІуэ! Иджыпсту къэсынухэщ, - зэкІэлъ-гъэпІащІэ Уракъым.

- «Алыхьым и лыкІуэу» къызэрыальтар игу дыхьэпауэ, Къаплъэн-Джэрий напІэ къэпщащэ хъэлъэу ирехьэхыжри, нэхъ макъ щабэкІэ:

- Іэнэ кэфхь. Псори гъэугум зэхуикІащ. МэжэлІагъэнщ. Мыдрейуэ... нетІэ псы Іуфэм къыщытщыщар ди зэхуакъу кьыдре-нэж. Муртаз-пэщэм ар щІищІэн щыІэ-кьым. Іуэхум и пэжьпІэм зыщщдмыгъэ-гъуаэзу БегъымбарІ къапІэмрэ Алыхьымрэ я лыкІуэ Ахьмэд сулъТаныр дгъэпІейтеин-кьым.

Шэджагъуэ нэмзэ уахъым мащІэу кьыкІэрыхуауэ къэсащ Муртаз-пэщэр. ПІащІэу андез кьищтэри, пэщэр мэжджьы-шэтырым щыкьащ. Къаплъэн-Джэрийрэ Іэлигъуэт-пэщэмрэ нэмэз ящІу тетти, абыхэм я щІыбгъэІыуэкІэ пэщэм нэмэзлы-ІитІыкъэ. Щымт хъаныр. Къаплъэн-Джэ-рий иджыпсту зэгупсысыр псы Іуфэм къыщыкІия адыгэхэр артэхъым. Іэлигъуэт-пэщэр къызэрыуэкІуа теплъэми къелы-нут хъаныр. Ахэр зыми щыщтэкъым... Пэщэр жьэмщхьэму къыщІэкІамэ, ар езым и Іуэхужт.

Хъаным иджьпсту шэч гуажэ хузэхуар кІэмыргуеипщыр, Ахьмэд сулъТаным кьы-хуригъэхьа дыщэ сэшхуэр Іэщ ІилъэкІэжьыну зыпэплъэ Бэлэтокъуэрт. Дэнэ ихьыну иджы а тыгъэр? Пхъынтэдэлъу кІэмыргуеи-пщым хуигъэтІыгъуэнщ, модрейр щІегъуэ-жу хъунэхъжьыкІ! Къаплъэн-Джэрий и акъылым къыхуигъэтІасэртэкъым Бэлэто-къуэм къыщыщІаинкІэ хуэнт. Мыбдеж и нэр къытІэтІу иджы къыхуэтІысыжа псэущ-хьэ быртІымым зыгуэр имыбзыщІу пІэрэ? Армырамэ, сыт кІэмыргуеипщым и пхъур-рылъхур ІэштымыгъадэлъэкІэ псы Іуфэм къыщІыІуувар? Псом нэхъри нэхъеижра-щи, дауэ сулъТаным зэрыгуригъэІуэнур мыбдеж къыщІекІуэкІым и щхьэусыгъуэхэр? КІэмыргуеипщыр Тыркымрэ Кърымымрэ къепцІыжар пэжмэ, сулъТаныр, хъанри, абыхэм зэІапхэ дыщэ сэшхуэри щІэнэкІа-лъэу тхыдэм къыхэнэщІ Хьэ жьІэщІэ щІэ-щтэжам ещхьу мыбдеж къэтІыса пэщэм ущыгугъри хуэнщІей къэпым уеІунщІри зыщ... - «Кьыдэдвыжурэ Іуэхум и пэжьпІэр щыхэзгдгъэкІыж щІыкІэжым иджыпсту дызэрыгъэтр. Мы Къэбэрдей зекІуэм и кІэ Апхуэдэу Швециер кьиГъэгугъащ Тыркум и дыгъэ щзджащэм. Алихьым ар куэдрэ кьытхуихьумэ!

Тырку дзэпщым иджыпсту жиІэжр и щІыпІэхэм хуэдэу, Къаплъэн-Джэрий и Іыгъэ щІэтащ. Муртаз-пэщэри, а жиІэр жиІэурэ:

- ... Ди закъуэкъым Карл дежэ дзэпыкъуэ-гъу кІуэнур, хъан. Украинэм и гетман Мазепи дяпэкІэ къыдгухьэжьынущ.

Лъахъстэн щабэ зытетэа щхьэнтэ цІыкІум ІэфракІэпэкІэ зытригъащІэурэ, Къаплъэн-Джэрий хьилагъэ хэлъу подыхьэшхыкІри:

- ЛІо, Мазепэрэ урыс пащтыхь нэкІат-хъэмрэ я тепІэн зэпаубыдыжауэ ара иджы?

- Урэ сэрэ юбэрей Іуэхуи1э зы теплэнщ, зэдызетхъэр. Пщэдей къэхъунур зыщІэр хэт? - и пащІэкІэ щІодыкьэушхыІ тырку дзэпщыр. - Адыгэхэм я жьІауэ, апхуэдэ кьохъу, шкІэхъужьи малІэ. Дэ ди кьалэныр - Іэщэщ. Іэщэ къаруклэ урыс джаурхэм - Алихьым и бийхэм - зедгъэщІжьынщ. Ирелъагъу хэт нэхъ Іэпщащэм!

XXVII

УРЫСЕЙ тхыдэм «Щэхубзэ» цІэ лейр иІэу хьихьа пащтых Алексей 1689 гъэм дунейм ехьэжри, абы и кІуэ ІепІэ пащтыхьыгъуэр Іыысат. Пётр Езанэм кьызыкъуихащ и ныбжьыкІ хуэмыфэщэн хьертхуит. Пащтых щІалэр зи уэрь ихьа къэрал зэхъуэкІынигъэхэм Урысей жылагъэр хуэхъэзэрыртэкъым, абы къыхэкІыуи Пётр І и мурадхэр къыдэзыІы-гъыр егъэлеяуэ мащІэт. Къэрал кІуэцІым тегъэщІапІэ къыщыщІыхуэмыгъуэтым, пащтых щІалэр гъунэгъуэхэмкІэ епльэкІыж хуе-жьащ. Пётр І дэщІэгъу кьищІахэм ящыщт Сэмэгурабгъу Украинэм и гетман Мазепэр. А лъэхъэнэм Ижьырабгъу Украинэр Польшэм и лъэгуащІэтынти, Мазепэм Іэмалу щы-Іэр зэкІэрихьэрт, шляхт тепщэгъуэм лъахэ щІыльэнькъуэр къыІэщІихьажу, УкраинитІри зы къэралгъуэ (Малороссие) ищІыну. Пащтых Пётр І и ныбжьэгъуГъэм Мазепэм и фейдэ зэрыхэльэр зым и дежкІи бэыщІа-тэкъым. Польшэмрэ Швециемрэ я хьэрис-кхъэрисхэр ушэ пащтыхьым къыІури-дзэжьІэрэ, Мазепэрэ Пётр І зыкъомрэ яку псы дзэтІыуакъым.

Урыс пащтыхьым и блигуІэтхэм къа-гурыІуэххэртэкъым Мазепэм хуэдэ лъэп-кьылІ фейдэщІэхьым дзыхь зэребгъэзэнырэ. И кІэн къыщиКІа дакъикъэм Пётр І утыку кьринэу гетманыр зэрежьэжьынур дэтхэнэ-зи кьыгурыІуэнут. Урыс пащтыхьым апхуэ-дизу жьІэзыфІэщу Мазепэм дзыхь щІы-хуиищІ щхьэусыгъуэми тегъэщІапІэу иІэт ма-щІэ-кІуэдми лъэщІыгъуэ пІланэ...

НтІэ, ІащщІыгъуэ пІланэкІэ Украинэ зы-хуэпэжа Урысейм иджы Пётр І пащтых щыхуэхъуэм, гетманым, и днепр къэзакъэр, дауи, пащтыхьщІэм и дэщІэгъуу къы-хуигъэкІуат. Мазепэр Пётр І мызэ-мытІэу кьелъэІуащ, Малороссием и Іуэхум кІэ ирагъ-ныкмкІэ зыдигъэІэпыкъун и гугъэу. Ар-щхьэкІэ урыс пащтыхьыр хуэм течыгъуейт: Польшэмрэ Урысеймрэ яку илъ зэгуры-Іуэныгъэм ебэкъуэну Пётр І тегушхуэрэ-кьым. Мазепэм ар гужьГъэжь хуэхъуащ икІи, хутыкІуэ щызэрихьэхуну пэп-лъэу, зиущэхуащ. Къэзащ а пІалъэр: 1704 гъэм Швециемрэ и дзэр Польшэм зыІэзэри-хьар къигъэсэбэпри, Мазепэм Ижьырабгъу Украинэр зэуэ иубыдыжащ.

АпщІондэжу Швециемрэ Саксониемрэ Польшэмрэ зэтрикъутэри, Август II (Польшэм и пащтых) къытраха пащтых тажьр езы Швециемрэ и дзэщІэгъу, Лещинский Ста-нислав щхьэратІэгъащ. Станислави, пащ-тыхьыгъуэр зэрыІэрыхьэхэху, Урысейм-рэ Польшэмрэ я зэгурыІуныгъэр икъутэ-жащ. Мазепэм и Іуэхур иджы хэпІъэгъуэт: е зыщІэхъуэпса Малороссиер иухуэу Швеци-ем и Карл XII Станиславрэ задигъэшын, е...? Мазепэ Пётр І Карл XII яхэдэри, Швеци-ер кьыхихащ. Шэч кьытрихьэртэкъым Карлрэ Станиславрэ я текІуэныгъэми, Полтавэ зауэм Іуэхур щыізэрынэхьэсым, Пётр І и щІыб къыхуигъаззри, Швецием и лъэны-къуэу кьэувац гетманыр.

АрщхьэкІэ Мазепэр зэрымыгугъауэ кьы-щІэкІри, и къзакъэхэм зыкъаІэтащ. Уры-сейм кьулыкъу хуахьу илъэс куэдкІэ къэ-гъэгурыкІуэ зауэлІхэр иджы зэбгрыкІы-жьпэу щыхуэжьэм, Мазепэм къакІэщІи-щІыхьар зи щхьэм нэса Меньшиковым и гупым Батурин быдапІэр зауэкІэ къащтэри, гетманым кьыхуэна къзакъыдзэр зэтра-ГъэІэпащ. Ар кьыщыхуар 1708 гъэрт.

Іуэхур кьызэрекІуэкІар пащтых Пётр І и дежи щынэсам и фІэщ хуэтэкъым: Мазепэр кьепцІыжауэ жьзыІа полковникэу Искрэр Кочубейрэ я щхьэхэр урыс пащтых губ-жьам и унафэкІэ пауплІат...

(КъыкІэлъыкІуэнщ).

Дохутыр ІэщІагъэр псэкІэ къыхэзыха

Шормэн Алесэ Тэрч къалэм къыщыхъуащ, Сеченов И.М. и цІэр зезыхьэ Москва къэрал медицинэ университетыр мы гъэм къеух. Дохутыр Іэщ ІагъэР къыхэзыха хъыджэбзыр накъыгъэм и 15-м къыщыщІэдзауэ мазэкІэ щыІэжьащ коронавирусым пэщІэтыным тегъэщІауэ зауэм и ветеранхэм папщІэ Москва къыщызэрагъэпэща сымаджэщым. Алесэ дыщигъэгъуэзащ и Іэщ ІагъэР къызэрыхихами и мурадхэми.

- СыщысабийМ Іэщ ІагъэР куэдым сыдахьэхьыу щытащ: хьэпІащІэ-щыгъэкІэ хьэпшыпхэр блэнми, сурэт щІыним, зы-гуэркІэр зэІущэн хуейми, уеблэмэ шахматми, баскетболми, волейболми, - жеІэ Шормэн Алесэ. - Ауэ нэхъыбэу сфІэгъэщІэ-гъуэныр медицинэрат. Адрей сабийхэми хуэдэу, сэри гуащэкІэ сыджэгуну сфІэфІти, мастэ яхэсІурт, «згъэхьужьырт». ТІэкІу нэ-хъ сыкъыщыдэкІуэтеймэ, псэ зыІутым и Іэнкъуэпкъыр зэрызэхэлъыр «джыным» сыдихьэхащ. Шынды-рхъуэ хъуми, хьэндыркъуэкъуэу щытми, ди кьалэ жыг хадэм сыт нэхъ къыщыцІэрыхьэми, къэзуБыдурэ я кІэуцІыр зззгъэльагъурт. Ныбжьыщ-Іэр апхуэдэ Іуэхум дихьэхьу щыжьпІэкІэ, дауи, укъыгъэуІабжьынущ.

Алесэ дохутыр Іэщ ІагъэР къызэрыхихар я фІыгъэу къелъытэ и анэмрэ (Анджелэ илъэс 30 хъуауэ медицинэ Іэнатіэм пэрытщ, Дей къуажэм дэт амбулаторэм и лэжьакІуэщ) КъБР-м щыхьэ зиІэ и дохутыр, сымаджэжьу хи-ругъемкІэ кафедрэм и профессор, нейрохирург, и анэшхуэм и дэльху БылымГъэт Борисрэ.

- Абыхэм я чэнджэщхэм сызэрысабийрэ сыщІо-дэІу, дяпэкІи сыхуущІэкъуну яІэ пщІэм хуэдэ къэзлэжьыным, Іуэхум фІыуэ гузаевэрт, ауэ си мурадхэр къыздаІыгъащи, фІыщІэ яхуэщІ. Дауи, абыхэми къагуроІуэ къыхэсха унэтІыныгъэм къыззригъэуВыр сыт хуэдэ щытыкІэми емыльытауэ дохутыращ сымаджэм зэрыдэІэпы-къуным хуэхъэзырын зэрыхуейр. Ди Іэщ Іагъэм нэхъыщхьэр Іуэхум фІыуэ хэпщІыкІыным и мызэ-къуэу, гуэгъ-лыуэ уиІэн хуейуи къызолъытэ.

Пандемиер кьемыжьэ ипэ, Алесэ еджэным къы-щыдэхуэм, еджапІэм епха базэм щІэх-щхьэурэ щри-гъэкІуэкІащ ягъэ медицинэ дэІэпыкъунырэр зэратым теухуауэ дерсхэр. Іэщ ІагъэР нэхъ гугъу дыдэ икІи жэ-уапныгъэ зыпылъ къызэрыхьэм щэч хэлъкъыми, ехьулІэ-ныгъэ иІэну ди гуапэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Адыгэхэр. *Сурэтыр XVIII лІэщІыгъуэм ящІащ.*

● Абы дегъэпІейтей

Наркотикым пэщІэтыну къыхурадж э

Урысей гвардием Звёздно поселкэм щиІэ дзэ частым кьулыкъу щызыщІэ и сэлэтхэр хэтащ Наркотикым пэщІэтыным и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэща «Наркотикыр здэщымыІэ щІыналъэ» проектым хьихьэ «Наркотикынщэу» зэхьхьэм.

Урысей гвардием кьулыкъу щызыщІэхэм дистанционнэ Іэмалыр кьагъэсэбэпу цІыхухэр къыхураджащ наркотикыр ззэыгъэкІэхэмрэ абы зезыгъэубгъуэхэм-рэ пэщІэту я кьару зрагъэуІуну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и яп1э къуэдз), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдз), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдз), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маринэ, Къумахуэ Асльан, Нэщ1эныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцІэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгагъэр хъумэныкІ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьы-барыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтыехьым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщІ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1ап1эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *редактор* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Щхьэщэмыщ1 Иэз** *(2, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Замирэ** *(1, 3-нэ нап.). Компьютерк1э гаазетым и тепльэр ящ1ащ* **Доп Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894● Тираж 2.113 ●Заказ №1261